kang atebih ratune abiyang-biyang.

21. Kendel kemating ayuda  
wadya Rab makuwon sami  
langkung sukane miyarsa  
Kalbujer Umarmayeki  
denya kemate dadi  
wedhi karikil mbebujung  
mring sagung malaekat  
sedhih dening anglilipi  
gumyak-gumyak pakuwon sadulu suka.

22. Adipati Tasikwaja  
lan rajeng Kulub pra sami  
gantiya ingkang kawuwusa  
Raja Robbussamawati  
dalū tatanya aris  
mring para malekatipun  
wedi apa wus sirna  
malekat kemit turnyaris  
sampun sirna wangsul dhateng pamondhokan.

23. Sang aprabu sampun medal  
animbali mukarabin  
aglar kang maksih waluya  
nanging kathah maksih sakit  
matane kebak wedhi  
keh para malekat ngrukut  
cadhok pan dereng waras  
ginaguyu kancaneki  
Saesalam prihatine ngemu duka.

24. Ing dalu tan kawurcita  
ya ta kawuwusa enjing  
tedhak mring langit kaping pat  
Raja Robbussamawati  
malekat mukarabin  
kang sami ngayap atepung  
wadya Rab kang wus budhal  
pangarsa para narpati  
cucukipun Wong Agung ing Parangteja.

25. Wonten tunggul wolung dasa  
rong atus bandera asri  
daludagnya wolung dasa  
sadaya mungging turanggi  
rikat rowa arakit  
bala gung gumrah gumregut  
ratune mungging gajah  
ingayap wong magersari  
sinongsongan genis pita kawandasa.

26. Angling Prabu Saesalam  
heh Baktiyar sapa iki  
ratu ingkang lagya prapta  
prayoga gagah tur pekik  
pantes prawireng jurit  
Patih Baktiyar turipun  
punika rajeng Miskat  
sang Prabu Dabarus Ngali  
pepatihe mring wong Agung Paranteja.

27. Gedheg Robbussamawati  
ingkang sok dadya sesilih  
wong Agung Surayengjagad  
satriya ing Ngalabani  
ingkang saemba warni  
myang swara sapolahipun  
matur Patih Baktiyar  
ingaken kadang sayekti  
anglangkungi sihira sapara kadang.

28. Pan undha usuk kewala  
kaprawiraning ajurit  
Wong Agung ing Parangteja  
lan raka Surayengbumi  
wonten katingal malih  
satunggal sapayung agung  
busana upacara  
lampahe sagung para ji  
mungging kuda narpatine lir asmara.

## **19. UNTABING WADYABALA PENDHEREKIPUN SATRIYA PARANGTEJA TUWIN WONG AGUNG**

### **ASMARADANA**

1. Tanya Robbussamawati  
iki sapa ratu prapta  
abra sinang gegamane  
ratune bagus taruna  
matur Patih Baktiyar  
ing kuda endah pukulun  
nama Raja Sari Isman.
2. Wonten katingalan malih  
baris ageng ingkang prapta  
busananing bala abyor  
saupacara karajan  
tunggul lawan daludag  
bandera miwah lelayu  
ratune mungging turangga.
3. Tanya Robbussamawati  
iku sapa ratu prapta  
asri tinon gegamane  
matur Kya Patih Baktiyar  
narpati Mudalipah  
sang Raja Hirman Nadirun  
samy wadyanira Maktal.
4. Wonten ratu prapta malih  
wadyanira abra sinang  
lir sekar sataman abyor  
tunggul daludag mawarna  
srining kang upacara  
tetanya sang Raja Robbus  
heh Baktiyar ika sapa.

5. Ratu ingkang lagi prapti  
mberanyak aneng dipangga  
asri tinon ampilane  
kabeh payung kretas pita  
ampilane gendhewa  
lare wadhan lerenipun  
lang kang ngampil endhong emas.

6. Baktiyar matur wotsari  
punika nateng Jarjanah  
Raja Rundaem kinaot  
ratu prawira digdaya  
undhagi mandraguna  
pilih tandhing yudanipun  
ratu balanipun Maktal.

7. Wonten malih ratu prapti  
wadyanira abra sinang  
lir panjrahing puspitabyor  
busana warna-warna  
arining kang upacara  
narpatine nom abagus  
respati mungging turangga.

8. Tanya Robbussamawati  
iki sapa ratu prapta  
Patih Baktiyar ature  
punika rajeng Basarah  
Raja Umardibaram  
ratu awrat ing prang pupuh  
sami balanipun Maktal.

9. Gedheg Robbussamawati  
si Maktal apa prawira  
sugih bala para katong  
Baktiyar matur anembah  
inggi langkung prawira  
tan wonten kang para ratu  
tandhing wawrating ngayuda.



10. Amanaha gunung wesi  
Wong Agung ing Parangteja  
sayekti gugruk agogrok  
rug rebah syuh kasulayah  
sirna kang gunung waja  
amedhanga rangkep sewu  
ratu ratu pasthi bebas.

11. Nulya pacara kaeksi  
angarang sinang mberanang  
nawung baskara gebyare  
ampilan awarna warna  
awor kapraboning prang  
wonten gunggung kalih atus  
ampilan kang sinongsongan.

12. Punang sakatha kaeksi  
pangirid turangga pethak  
sakatha renggyeng mas abyor  
pinatik ing nawaretna  
wangkawa katawengan  
prabaning arka kasendhu  
murub rengganing sakatha.

13. Rong atus kuda pangirid  
sami tinipongan emas  
sinawung ing sesotyabyor  
nanging sakatha lelawak  
asongsong kawan dasa  
kang mungging srenggara murub  
asri busana karajan.

14. Kagyat Robbussamawati  
angadeg mungging amparan  
ika si Jayengpalugon  
peteng ndhedhet kang angayap  
padhang dening busana  
wus tetela bedanipun  
lan kabeh-kabeh ing ngarsa.

15. Patih Baktiyar wotsari  
dede pun Surayengjagad  
pan punika kekasihe  
kang mangka saeka jiwa  
ingkang sampun winenang  
tunggil pati sabiyantu  
kadya badan nyawa tunggal.

16. Wong Agung ing Ngalabani  
satriya ing Tambakretna  
kang asugih bala katong  
inggi kalih ewu dhomas  
ratu ingkang kabala  
mungging sor amparanipun  
Wong Agung ing Parangteja.

17. Kang tuwan dangu sakenjing  
dhateng ing mangke punika  
paduka ingkang kasupen  
taksih balanipun Maktal  
mangka gustine prapta  
Prabu Samawati nyetung  
lenggah malih ing amparan.

18. Sarwi mandeng amecicil  
ing langkunge Arya Maktal  
wong iku bagus rupane  
ladak batih tur jatmika  
pantes kanggo ngawula  
yen iku teluka mringsun  
sayekti sun aku kadang.

19. Ingkang kadi yayah bibi  
angreh nateng Jaminambar  
sun turut sapratingkahe  
dadiya malekat putra  
kekembang ing akasa  
awor widadari patut  
dadi niyakaning swarga.

20. Robbussamawati angling  
apa si Surayengjagad  
beh Baktiyar titihane  
umatur Patih Baktiyar  
boten kawingking tuwan  
tan liya titihanipun  
salaminipun turangga.

21. Datan wonten malih-malih  
amung pun Sekar Duwijan  
tan arsa nitih liyane  
nadyan kathah kang turangga  
amung Sekar Duwijan  
nulya wonten kang kadulu  
wadyagung mawarna-warna

22. Saleksa bala Ngabesi  
saleksa kang bala Cina  
wadya Dhayak saleksane  
Wadya Sepanyol saleksa  
Ngindi ingkang saleksa  
kang saleksa malih ing Rum  
sakethi wong upacara.

23. Asri busana mawarni  
ingkang sami ngupacara  
abebadhong atetopeng  
kencana rinengga sotya  
kumilat katon ulap  
sumawur pating pelancur  
abra abyor ting galebyar.

24. Tetebusan tigang kethi  
wong kulit ireng pan pethak  
kulit biru kulit jene  
ana kang kulite abang  
kang sami ngupacara  
asri songsong pitung atus  
nulya na swara kapyarsa.

25. Gumuruh umyung melingi  
Robbussamawati tanya  
lah iki apa banene  
gumer kumrincing kumrangsang  
matur Patih Baktiyar  
pan punika swaranipun  
ingkang songsong Tunggal Naga.

26. Meh celak panggeneki  
Wong Agung Surayengjagad  
satriya Jayengpalugon  
punika songsong kang anyar  
wonten nagri Kupauman  
kang binekta aneng ngayun  
punika songsong lama.

27. Pilih kang para narpati  
kuwasa yen ambektaa  
sajuga dados pasongsong  
mungguh lega amakutha  
atalingan daludag  
ing payung kang usuk sewu  
kang mungguh ing cangkem naga.

28. Ilat kawan atus nenggih  
isi sewu golek Cina  
kinalungan gentha kabeh  
mila swarane gumerah  
mangap cangkeming naga  
kanginan kang gentha sewu  
saking doh sora kang swara.

29. Raja Robbussamawati  
agedheg asru ngandika  
mangkono ing panggawene  
aneh sasolah tingkahnya  
ratune wong bang wetan  
iku sesoroh maringsun  
praptane neng Jaminambar.

30. Pepedhep peksa ngluwihi  
polahe wong Jaminambar  
mangsa ta wurunga kabeh  
lapgang bebas nora gagal  
alah nibani layang  
ngambil bulu bektinipun  
bageyane wong Kuparman.

31. Kaeksi wong magersari  
wurine kang upacara  
wong abecik kang atopeng  
kencana akarawistha  
jejel kang mungging ngarsa  
titip atap adu sikut  
bayak kadya lun lumembak.

32. Asikep pedhang Rum sami  
amawi jambya malela  
tan antara nulya katon  
songsong geng kang tunggal naga  
nenggih kang sinongsongan  
mungging kuda cahya muncar  
molah pun Sekar Duwijan.

33. Dhedheg kang ngayap ing wuri  
kang umulat kaulapan  
ing kang busana kilate  
gumilap gilap arungan  
manawung mangiriya  
amangkawa nguwing uwung  
surem sunare baskara.

34. Tan anak benggang sanyari  
magersari ngupacara  
kadya gapitan lampahe  
miyat Prabu Saesalam  
marang kang sinongsongan  
tunggul naga usuk sewu  
anyetung tan kena ngucap.

35. Dene nora geng ainggil  
pangunandikaning driya  
dene ratu boyongane  
kabeh gung luhur prakosa  
padha ratu digdaya  
apa kemat tangkepipun  
ngapusi angguladrawa.

## 20. PRABU TASANGSUNG NGALAM MANGSAH PRANG

### DHANDHANGGULA

1. Heh Baktiyar dene endhek cilik  
Jayengmurti dene ta digdaya  
mboyong ratu gedhe gedhe  
apa pangwasanipun  
apa kemat wedi rerahi  
Baktiyar matur nembah  
dene watekipun  
maju dhadha mundur dhadha  
malah ing prang boten anggada rumiyin  
ngawoni ing pratingkah.

2. Lenger-lenger Robbussamati  
kawuwusa para Ratu Ngarab  
kang sami methuk lampahe  
lancaran kang rumuhun  
ing kang sampun makuwon lami  
sadaya atur sembah  
ngaras nguswa suku  
Wong Agung wus sinaosan  
pasanggrahan Marmadi ingkan akardi  
kekojor rakit kitha.

3. Para ratu kang samya njajari  
tedhakira manjing pasanggrahan  
wus prapta tata lenggahe  
mungging tetarub agung  
aglis sagung para narpati  
miwah kang para putra  
neng ngarsa supenuh  
para kadang wuri nggenya

sigra majeng dhadharan tinata sami  
gumem sarwi ndrawina.

4. Kang cinatur masalahing jurit  
kang sampun prang lan wong Jaminambar  
dinangu salelewane  
malih ingkang winuwus  
Saesalam parentah sami  
marang para malekat  
papat mukarabun  
wus kinen marentahana  
ing sagunge prajurit magut prang benjing  
yen uwus ing tri dina.

5. Ing praptane sang Surayengbumi  
ratu kerigan saking ngamanca  
ewon aleksan praptane  
anggili dereng sampun  
kadya rob ingkang jalanidi  
kathahe wadya manca  
tuhu tanpa etung  
saking gunggunging kang praja  
ing sajege mungsuh datan ana wani  
mungsuh wong Jaminambar.

6. Pan sinenger dening ing Hyang Widi  
kang pinaringan Wong Agung Menak  
kang praja winarisake  
mangkono semunipun  
kang piningit sasmita repit  
tan ana kang winenang  
ngasorna prangipun  
denya ngluwihi kang titah  
takabure Raja Robbussamawati  
kumlungkung ngaku Allah.

7. Pan kinarsan dening ing Hyang Widi  
panglulunira mring Saesalam  
ing mangke sampun mangsane  
pacangan wus rawuh  
ya Wong Agung Surayengbumi



sang prabu Jaminambar  
tan wruh ing pangluku  
girang-girang aneng donya  
iblis katon anggendeng maring yomani  
tan towang aneng donya.

8. Ya ta sampun prapteng tigang ari  
ing praptane para prawira rat  
wong Jaminambar nulyage  
enjing tengara umyung  
kendhang gong lir karengeng langit  
puksur sru mawurahan  
enggar kang pra ratu  
prajurit ing Jaminambar  
kadya singa lodra lir ditya non daging  
ngampul sagung mukarab.

9. Saesalam sampun amiyosi  
munggwing langit kaping pat nggyan saban  
wong Arab anon tingkahe  
sigra tengara umyung  
oreg sagung para narpati  
samya sumiweng ngarsa  
nira Jayengsatru  
wadya gung tanpa wilangan  
Guritwesi lon matur mring Jayengmurti  
dhuh Wong Agung upama.

10. Wontena parentah mring ngong singgih  
ambandaa maring Saesalam  
datanpa rewang mung ijen  
kados-kados yen purun  
katur ngarsa Tuwan Jeng Amir  
Wong Agung angandika  
kakang Pulangkewuh  
angucap kang ora-ora  
dudu silih pratingkah mangkana ugi  
amrih silibing aprang.

11. Luwih nistha yen ing karsa mami  
ingsun banda madyaning payudan  
kawistara ing wadyakeh  
ing sor kalawan unggul  
mara bares ing prang utami  
ya ta wong Jaminambar  
neng palagang nguwuh  
ana ran sang Trisengadya  
arsa mangsah amit ing prabunireki  
Saesalam ngandika.

12. Heh iya Trisengadi agelis  
nanging aja padha mrih palastra  
cekelen gesang sakabeh  
sandika anitih wus  
turangga dyan anguwuh tandhing  
heh wong Ngarab ta sapa  
ingkang arsa lampus  
papagena tandangingwang  
kapiyarsa de Sang Prabu Burudangin  
amit arsa magut prang.

13. Angandika sang Surayengbumi  
heh ta yayi iya den prayitna  
sunsrahken Hyang Suksma tarlen  
sigra sang nata ngrasuk  
sakaprabon naging tan mawi  
wahana mangsah dharat  
sang Prabu Tasangsul  
rikat tajem angсахira  
prapteng rana wus ayun ayunan jurit  
nabdhi palu rante mas.

14. Raja Trisengadi sru denyangling  
heh wong Ngarab sapa aranira  
mapag tandangingsun kiye  
aja mati sireku  
tanpa aran nateng Rum angling  
heh wruhanta ya ingwang  
narpati ing Ngerum

Brudangin kaprenahingwang  
ipe mring Sang Surayanataningjurit  
gya Raja Trisengadya.

15. Angangkat gada keh Raja Rum aglis  
atangikisa iya bandabaya  
den prayitna nora wande  
sira mati sumpupuh  
Sri Tasangsul angangkat tangkis  
palu rante kinarya  
anulya pinupuh  
kinuwatan tangkisira  
pinuletken palu ranti mring gada glis  
sinendhal pupuh singsal.

16. Trisengadi sah saking turanggi  
dadya dadya ndharat kalihnya kang yuda  
Trisengadi nyendhal age  
winantu tan kajunjung  
uwal mundur pedhang tinarik  
Prabu Tasangsul Ngalam  
animbangi mundur  
pinuter palu rantemas  
wus kabuncang karangkud turangganeki  
sinabetken bantala.

17. Kapisanan lan turangganeki  
kawistara mring Sri Saesalam  
maring Baktiyar ndangu  
sapa ingkang mrawaseng jurit  
marang si Trisengadya  
Baktiyar umatur  
punika Tasangsul Ngalam  
kang kaipe dening Sang Surayengbumi  
eram Sri Saesalam.

18. Wonten ratu kadange taruni  
dening Raja Trisengadi mangsah  
kekalih sareng angsahe  
gada sikeping pupuh

mungwing kuda sampun apanggih  
anggada kering kanan  
nguthuh ing prang pupuh  
sang Prabu Tasangsul Ngalam  
eca tangkis panggadane tan ngenai  
dangu panggadanira.

19. Ngikal rante Nateng Burudangin  
ratu kalih sinipat bangkekan  
pinuket rante kinoser  
karangkus kalihipun  
lir ingaham rante mratani  
kasendhet ing panyendhal  
kapat lan kudajur  
singa mangsah kapisanan  
para ratu Jaminambar kapalipis  
kang mangsah mangsah pejah.

20. Cinaritakaken prangireki  
sira sang Prabu Tasangsul Ngalam  
rinoban tutuh yudane  
singa mara karangkus  
saking kuwat paworing runtik  
Musane Ahlul kojah  
wus amarna tutur  
antuk ratu pitung dasa  
prang sadina sang Prabu Rum Barudangin  
giris wong Jaminambar.

21. Ratu sadasa kabanda urip  
ratu nemdasa kasoran pejah  
tuhu tan ana tandhinge  
mundur kasaput ndalu  
lajeng marek ngarsanira Mir  
Prabu Tasangsul Ngalam  
pinapag pinengkul  
kinanthi mring palenggahan  
rinarepa pan sarwi kinempit kempit  
ing raka Surayengrat.

22. Pinisalin kang busana adi  
lajeng ndrawina sagung pra nata

ingkang ratu tatawane  
sadasa sampun sinung  
marang sira Prabu Marmadi  
pinrenah nggyan satunggal  
rineksa kinarung  
tadhah nginumane rineksa  
tan anyana sagung kang kabandeng jurit  
pra ratu Jaminambar.

23. Panarkane samya manggih pati  
kunang dalu ing mangke kawarna  
enjing tengara arane  
kendhange gong beri umung  
puksur gubar gurnang thongthonggrit  
prajurit Jaminambar  
kadya lun gumulung  
tinon yayah tasik wutah  
punggawane kang saking kaping pat langit  
gora reh gora gadha.

24. Yayah manarga maruta agni  
tunggul daludag layu kekandha  
bandera mabra prabane  
myang payung-payung agung  
pan ambranang para narpati  
tuwin kang baris Ngarab  
ndeleddeg supenuh  
angebeki rananggana  
ambaranang umeb kadya samodradi  
tepung baris kalngan.

25. Para ratu satriya prajurit  
wus angumpul asaos ing ngarsa  
aglar mungging ngayunane  
Wong Agung wus alungguh  
ing wijohan dirgasanadi  
rinenggeng sesotya bara  
premata jumerut  
sang aprabu Jaminambar  
mungging langit kaping pat denya nyenengi  
memangun yasaning prang.

26. Penuh ing bala baskara titis  
surem dening gebyaring busana  
ya ta wonten ratu anem  
nagarinira Kuljum  
abebisik Raja Kosyani  
marek mareng ngayunan  
manambah umatur  
pukulun mugi antukna  
ing nugraha donya praptane ing akhir  
nuwun umagut ing prang.

27. Lon ngandika Sang Surayengbumi  
ya sutengngong Kuljum umaguta  
ing ngayuda sun srahake  
ing Hyang Kang Maha Luhur  
rineksaa jabaning pasthi  
mundur wusnya angaras  
ing pada Wong Agung  
nitih kuda maring rana  
lajeng mangsah sikep gada sri bupati  
sudireng pabaratan.

28. Asesumbar sang Nata Kosyani  
sarwi kiter kudane mandhapan  
respati ngonclang gadane  
muluk saengga masuk  
tibanira cinadhak aglis  
lajeng malih binuwang  
umesat mandhuwur  
nyamut nyamut katingalan  
Raja Makrub ingkang minangka Mikail  
andeling Juminambar.

29. Sujud ngarsanira ing hyang widi  
nenggih hyang widi ing Jaminambar  
makrib kalilan pamite  
iya tumpesen makrub  
para ratu bang wetan iki  
saking langit kaping pat  
sigra tedhakipun

sapraptanira ing ngandhap  
oreg sagung narpati kang saos jurit  
dene malekat tedhak.

30. Nyandhak gada sigra nitih esthi  
mangsah makrub anitih dipangga  
dadya gumuruh surake  
kang ayuda wus pangguh  
Raja Makrub sugal denya ngling  
Ngarab aranmu sapa  
Kosyani sumaur  
narendra Kuljum pan ingwang  
ajejuluk Narpati Kosyani mami  
ratu andeling aprang.

31. Balik sira sapa ranireki  
ratu laknat ya wong Jaminambar  
Makrub asugal saure  
pan ingsun Raja Makrub  
kang kinarya ingsun Mikalil  
lah payo anggadaa  
gegecok ing Kuljum  
sang Prabu Kosyani mojar  
nora watak wong Arab aprang ndhingini  
setan ayo nggadaa.

32. Setan Jaminambar si musirik  
pangidhepe sasar ngudubilah  
nganggo dudu nggon anggone  
ndadak ngaku Hyag Agung  
tan angrasa tan duwe budi  
gawe kehing cilaka  
angajab dosagung  
payo Makrub anggadaa  
suntadhahi ing kene padha prajurit  
aja amrih prang wuntat.

## 21. RAJA KOSYANI TANDHING LAN MIKAIL

### PANGKUR

1. Raja Makrub melak liman  
marepeki muter gadanireki  
den prayitna ingsun pupuh  
yekti rata lan lemah  
nantang lalah si gegecok tebleng Kuljum  
amasang tangkis wisesa  
mangsa mindhowa sun gitik.

2. Denira nauri sugal  
ngetab kuda sarwi amasang tangkis  
Sri Kosyani Ibnu Kuljum  
aja kakehan swara  
heh Mikail suntadhahi panggadamu  
sigra tumempuh kang gada  
lir gelap nibani tangkis

3. Oreg bumi ing paprangan  
rame surak mungsuh rowang nyarengi  
kang dahana mubal murub  
wesi tinangkis waja  
angalingi Kosyani Ibnu Kuljum  
aloke wong Jaminambar  
wong Arab pasthi ko mati.

4. Mangsa kongsi mindhonana  
saben nibakaken gada Mikail  
gada geng wawrat rong ewu  
patang atus kati mas  
ngendi oleh tinangkisa ajur mumur  
tibane pawaka mubal  
geger anibani baris.



5. Sasirmane kang dahana  
katingalan sira Prabu Kosyani  
sang Kosyani Ibnu Kuljum  
angolahake kuda  
sira Makrub Mikail asru amuwus  
Si Monon maksih agesang  
wentala ing gada mami.

6. Mikail angangkat gada  
arsa mindho minger Raja Kosyani  
angatepang kudanipun  
dupi neng wurinira  
gya rinanggeh pinrepekan Raja Makrub  
kecandhak kang iket pinggang  
sinendhal saking ing esthi.

7. Sang Raja Makrub kasendhal  
gya binanting kalenger tibeng siti  
wong Ngarab surak gumuruh  
Mikail balanira  
para ratu patang atus samya tundhuk  
amagut angrebut ing prang  
sigra sang Raja Kosyani.

8. mBuwang gada narik pedhang  
ngetab kuda nengah nggenira jurit  
kang pra dipati ing Kuljum  
miwah satriyanira  
sareng mangsah wruh gustine binarubuh  
kalih atus wolung dasa  
ambyuk angamuk mangungkih

9. Caruk corok ing ngayuda  
abusekan kathah ingkang ngemasi  
Mikail ginawa mundur  
rinebut ginosongan  
nanging sagung bala pra dipatinipun  
Mikail kathah kang pejah  
kamuk prajurit Kosyani.

10. Paron bala Jaminambar  
mundur lagis sarya mbekta kang kanin  
tuwin kunarpaning ratu  
Raja Kosyani mojar  
satriyane punggawane kinen mundur  
Raja Kosyani sesumbar  
minta metuning prajurit.

11: Heh ta wong ing Jaminambar  
aja genti barenga sun kembari  
iki narpati ing Kuljum  
andele ing Kuparman  
para raru Ngarab kalebu gegedhug  
wong Raja Saesalam  
nalikanira ningali.

12. Prange Mikail kasoran  
heh Baktiyar wong wetan sapa iki  
dene prawira satuhu  
Baktiyar matur nembah  
inggih ratu paminggir salaminipun  
punika sanaking sanak  
lawan Sultan Parangakik.

13. Keponakan ibunira  
gedheg Robbussamawati Wal Arli  
nolihi kanan keringipun  
wonten ratu prakosa  
gung aluhur Raja Tursina ranipun  
wruh susahe gustinirra  
Raja Robbussamawati

14. Sujud umatur pralabda  
dhuh pukulun sampun Tuwan prih galih  
para prajurit puniku  
amba mangke kang ambesta  
kaatura mbestha mring Jeng Sang Aulun  
kawula ingkang mulihna  
ing lelingsem paduka ji.

15. Ngendika Sri Saesalam  
lah ta payo-payo ingsun idini  
prajurit bang wetan iku  
kabeh ta cekelana  
padha aturena bebadan maringsun  
Raja Tursina mit nembah  
wus mudhun saking ing langit.

16. Prapteng ngandhap nitih kida  
wus samekta salir kaprabon jurit  
Tursina Raja umagut  
panggh ayun ayunan  
sami munggwing turangga kekalihipun  
samyawas ing turangga  
kiter kinter sganti.

17. Heh Ngarab sapa ranira  
tuhu langar akarya mati-mati  
prajurite gustiningsun  
miwah para mukarab  
sira banting Mikail kapati kantu  
pan satingkah kumalancang  
ko karya tingkah sumekti.

18. Maring ndi pangungsinira  
pasthi sira mati deng astamami  
prajurit sapa aranmu  
ratu tuwin satriya  
heh sun Raja Kosani narpati Kuljum  
lah balik sira ran sapa  
Tursina ingsun narpati.

19. Heh tangkisa ingsun gada  
den apangguh pasang Raja Kojani  
Raja Tursina agupuh  
senggak sarwi anggada  
dyan tumempuh ing tangkis lir gelap sewu  
jumbret wetu dahana  
kumutug mangawiyati.

20. Keh kaget baris Kuparman  
ana ngucap : wong Jaminambar iki  
lumrah luwih kuwatipun  
liring gada geng kaprah  
yen luwesa tangkepe abot minungsuh  
aracak wagu ing perang  
tan parigel ing ngajurit.

21. Alope wong Jaminambar  
sida lebur wong ika awor siti  
mangsa kuwata pinupuh  
dening Raja Tursina  
wurung mau sida iki ajur mumur  
ilange kanas kapelak  
ketinggal Raja Kosani.

22. Anyandhak Prabu Tursina  
si mangkonok tan ajur ingsun bindi  
gada pinuter mandhuwur  
sun pindho denprayitna  
rame surak mungsuh rowang sareng umyung  
amindho pangantepira  
gambuhe kang masang tangkis.

## 22. PRABU GULANGE NRAMBUL PRANG

### GAMBUH

1. Sing rosaning pamupuh  
tangkis kuwat gada geng tumempuh  
sareng swara tempuh kukus amanasi  
gigire tutangga putung  
Kosani lumumpat adoh.
2. Anarik pedhangipun  
males sukune turangga rampung  
Ksangsaya Tursina tibane linggih  
suraking wadya gumuruh  
tangi main pedhang karo.
3. Prang ndharat kalihipun  
rame main pedhang wantu wantu  
nateng Kuljum sayang dening wus ming kalih  
Tursina tigas prangipun  
marma Kosani kaleson.
4. Raja Tursina ndulu  
mungsuhira payah sangat lesu  
dyan sinander cinandhak arsa binanting  
ingikal ikal mandhuwur  
Prabu Gulangge duk anon.
5. Sinander ndharat gupuh  
prapteng papan Gulangge swara sru  
ngrengyeng swara petak kang lagya ajurit  
mar kagyat pangikalipun  
uwal Kosani wus runtoh

6. Gulangge mangsah nutup  
ngadeg ngalingi Sang Nateng Kuljum  
kagyat Prabu Tursina sapa sireki  
swaranta lir gelap barung  
sarta geng luhur abakoh.
7. Sawang pangeraningsun  
Wa Robbussamawati Wal Ngarlu  
baya Sultan Kuparman Surayengbumi  
kang sinembah para ratu  
dene geng luhur jenggorong.
8. Gulangge lon sumaur  
ingsun dudu Sang Surayengsatru  
gegebale Gulangge Ngrokan praja di  
kawilang ratu pangayum  
gugup Tursina angadoh.
9. Pedhangira sinarung  
nyandhak gada ngangseg ngangkat pupuh  
masang tangkis Gulangge sigra nyarengi  
jumbret lir gelap barung  
Gulangge tan obah sing nggon.
10. Piningkalih ping telu  
ing panggada meksa tan pakantuk  
kaku tyase Tursina amuring-muring  
tinitir pamupuhipun  
bayu kiyu tamah alon.
11. Payo gentiya mupuh  
sun wus ping salawe langkung  
imbuh-imbuh sawise kiyu kaping tri  
baya na ping wolulikul  
Gulangge nauri alon.
12. Durung penuh antemu  
payo ingsun pasang kang abakuh  
ingsun sira gadaa ingkang patitis  
anaa maning ping telu  
Tursina kagyat ambengok.

13. Ngudubilah sireku  
wus sun antep kaping wolulikur  
teka ndadak sira njaluk imbuh maning  
sayekti wus katog ingsun  
angur tangkisingsun tanggon.

14. Kaya pa panggitikmu  
apa lanang pribadi sireku  
mesem angling Gulangge sarwi mrepeki  
lah tangkisa denabakuh  
sun gada aja mendhelong.

15. Gada tinumpang luhur  
ring paris denencot tan ginebug  
rosanipun kang tangkis agenging bindi  
denencot-encot ping telu  
prabu mendhek paris nyeplok.

16. Kongsul bebalung sikut  
gumuruh suraking bala umyung  
ngluguk suka sira sang Prabu Kosani  
paduka mrih rare timur  
ingencot denoyog-oyog.

17. Temah sikute kongsul  
Gulangge nyandhak binating asru  
kasangsaya kunarpa sumyur ing siti  
wus Ngarab surak gumuruh  
wong Jaminambar anjonto.

18. Ana kang ambebanu  
kalih welas prajurit pra ratu  
andel-andel wus samya kinen nyekeli  
mring Gulangge mrih nalikung  
pareng mesat wus prapteng don.

19. Kanan kering angepung  
agahan denira mrih nalikung  
pareng ambyuk Gulangge glis tadhak narik  
binuwangan sebrang sebrung  
kalih welas tan pantuk don.

20. Tibeng barisanipun  
putra Marmadi suka angguguk  
ngadat saben sagung ing Kohkarib  
parigel pambandanipun  
binekta mundur makuwon.
21. Kang prang kasaput ndalu  
tinetegan kalih wus mundur  
Rajeng Rokan mundur lan Prabu Kosani  
pinapag sang wireng kewuh  
prapteng singangsana lunggoh.
22. Wus bubar sing tetarub  
prapteng pakuwon sinugun sugun  
andrawina pepak kang para narpati  
rehning aprang kang winuwus  
sumarawung para katong.
23. Wong Jaminambar mungguh  
gegaman corok nging kurang ampuh  
dir wagune ingkang nora memareni  
pratingkah nora nggeguru  
ngendika Jayengpalugon.
24. Heh sagung anak putu  
aprang aja dir kaduk ing lengus  
aja kaya Tursina Sri Narapati  
kang mati rempu ing mau  
gumujeng kang para katong.
25. Gumer kang padha nggunggung  
mring Prabu Gulangge prange semu  
nateng Kuljum nambangi ngong meh sathithik  
nglangi jembar mati ciyut  
sangsaya gumer pra katong.
26. Ajanaa sang prabu  
nateng Rokam kang mangka sung prau  
ginablog ing Umarmadi para iki  
saemu mbebarang tutur  
saya sru antuk saguyon.



27. Heh Gulangge sireku  
inganggep wong belah mring si Kuljum  
nateng Rokam mesem nadyan ta Marmadi  
anganggep tukang perau  
sok padhaa karahayon.

28. Sabda sang wireng kewuh  
yayi Ngrokam lan yayi Tasangsul  
karo pisan sira ingsun ta jaluki  
lilanira rolas prabu  
lan dasa luwarna mengko.

29. Gulangge lan Tasangsul  
matur tanpa damel mawi nantun  
dyan pinundhut prapta lajeng denluwari  
sinadatken sadaya wus  
pra samya mucung sinung nggon.

## 23. RAJA SURAKAL NANDUKAKEN NGELMU SIKIR

### POCUNG

1. Para ratu boyongan ingkang rolikur  
milu Arya Maktal  
Praptane pakuwoneki  
lajeng samya bojana kang para nata.
2. Sinasugun tan owah kerajanipun  
samya neng wijowan  
rolikur denira linggih  
angandika Wong Agung ing Parangteja.
3. Sanakingsun para ratu kang rolikur  
wau kang timbalan  
Jeng Gusti Surayengbumi  
kinen nodhi wacanane budinira.
4. Sami matur para ratu kang rolikur  
dhuh angger katura  
ing jeng raka paduka Mir  
pan rumaos pun patik anambut pejah.
5. Batos ulun remak rempu datan anut  
anging kalahiran  
Raja Robbussamawati  
dereng campuh ing Gusti Surayengjagad.
6. Pan saestu ing batin kawula anut  
inggih ing agama  
raka paduka Jeng Amir  
kalahiran amba tuwan sasabana.

7. Alon muwus Arya Maktal mring pra ratu  
iya insya Allah  
sira pan uwis nyanggemi  
paran kapir ngindanas Islam ngindalah.
8. Sinungan wus pamondhokan kinen mundur  
pinanci kang njaga  
dhahar inuman pinanci  
ganda wida jebadan sinung kang njaga.
9. Pinapatut babut-babut kasur-kasur  
kuneng kawuwusa  
ingkang kasoran ing jurit  
Jaminambar sang Aprabu Saesalam.
10. Kalih puluh sor katitih yudanipun  
miwah duk wiwitan  
yudane nora ngudhili  
ingkang sanget sekele duk prang rong dina.
11. Yudanipun saben wong Arab tuk unggul  
Sri Tasangsul Ngalam  
narendra ing Burudangin  
prang sadina antuk ratu pitung dasa.
12. Inggang lampus bangkene sewidak sumyur  
pinangane rante mas  
sepuluh kecandhak urip  
enjingira kacandhak ing kalih welas.
13. Angsahipun Raja Gulangge dibyanung  
luhur ing ayuda  
marma Saesalam kingkin  
ya ta ana nata dinya pasang kemat.
14. Sikiripun salami lamine kabul  
ran Rajeng Surakal  
wrin gusti sanget rudatin  
saking denya kasor ing prang sadangunya.
15. Nembah matur Surakal marang Sri Robbus  
kawula pulihna

ing susah kasoring jurit  
anumpesa sadaya kados kaduga.

16. Mangke dalu kawula ingkang umagut  
lawan nguculana  
bebandane para aji  
kang tinawan samadyaning rananggana.

17. Inggih lamun sampun luwar para ratu  
lega tyas kawula  
angfing Robbussamawati  
iya nuli kalakona ujarira.

18. Uculipun kang kabanda para ratu  
Surakal gya nembah  
tumurun saking ing langit  
prapteng ngandhap masang kemat ngobong menyan.

19. Sandhas menus mubal kukuse kumelun  
sigra sang Surakal  
wus manjing kukus tan keksi  
sasirnaning kukus Surakal wus musna.

20. Tan kadulu marang pabarisan agung  
ing tabuh sawelas  
prapteng pabarisan manjing  
lajeng amor marang sagung bala Ngarab.

21. Jinajah wus angulati enggenipun  
ratu kang kabanda  
dangu tan ana kapanggih  
ing pakuwon Kohkarib wus ora ana.

22. Ujer wau kang bebandan para ratu  
wus samya linuwar  
mari sing pondhok Kohkarib  
neng pondhoka Wong Agung ing Parangteja.

23. Gya anjujug maring pasanggrahanipun  
Arya Parangteja  
lajeng malebeng jro kori  
kang asaos sadaya tan na uninga.

24. Kilenipun pelataran wisma agung  
aramé kang swara  
kathah kang wong ngleladi  
pinaranan jinejep dening Surakal.
25. Ting pelangkruk para ratu kang rolikur  
samyá neng wijowan  
jibeg ingkang ngleladi  
asri ingkang dhadhaharan mungging meja mas.
26. Langkung ngungun Surakal denya andulu  
ratu kang tinawan  
mangkya amanggih basuki  
manggih suka kalawan manggih kamulyan.
27. Trekanipun sayekti sami angringruk  
maksih binestanan  
mangkene wong Ngarab iki  
tetakone abecik sugih apura.
28. Lamun iku kancaningsun para ratu  
maksih binanda  
sayektine akeh mati  
ingsun amuk kabeh silib jro barisan.
29. Mengko uwus tetela lamun pinunjul  
angapureng tawan  
wong kacandhak jroning jurit  
parandene neng kene sinungga sungga.
30. Sigra masuk apan arsa atetemu  
lawan para nata  
wau pun Surakal Arip  
samyá kagyat para ratu duk tumingal.
31. Alon muwus heh Surakal para ratu  
yen maksih abanda  
sayekti ingkun uculi  
ingsun gawa mulih maring ing jro pura.
32. Mengko uwus semu ayu samya ucul  
nora ingkun gawa

agawe nisthaning mami  
sira padha ingapura nemu arja.

33. Apan ingsun sayektine arsa weruh  
saking pepedhakan  
Wong Agung Surayengbumi  
dene luwih tyase angganda kumala.

34. Sanakingsun padha kariya rahayu  
sigra denya kesah  
wau Ki Surakal Arip  
para ratu rolikur agunem samya.

35. Becik matur pepeling marang Wong Agung  
Gusti Arya Maktal  
iki si Surakal Arip  
maling sekti pethute wong Jaminambar.

36. Prapteng dalu manawi sedya tan hayu  
sigra tur uninga  
Wong Agung Parangteja glis  
nulya mendhak marang nggene ratu tawan.

37. Ngendika rum wonten paran sanakingsun  
matur para nata  
rolikur sareng wotsari  
inggih angger wonten pandung sekti prapta.

38. Andelipun damele anidreng ndalu  
saged anyiluman  
awas ta Surakal Arip  
wau dhateng enggene raka paduka.

39. Manthuk manthuk anyangking gendheanipun  
wus padha kariya  
sanak manira para ji  
ingsun arsa anusul si maling guna.

40. Lajeng mungu marang Arya Pulangkewuh  
kakang ana karya  
iya ing sawengi iki  
ana maling pethute wong Jamitruna.

## 24. SURAKAL PELAH DENING UMARMAYA

### S I N O M

1. Payo marang pasanggrahan  
si maling Surakal Arip  
wus manjing jro pasanggrahan  
Umarmaya angling aris  
entenana sun dhingin  
sun gugah anakireku  
gawanen kapat pisan  
si Umardani Marsudi  
Umar Said Marsabit adunen pisan.

2. Wus tangi sakawan putra  
nira Arya Pulangwesi  
pan samya maling prawira  
sumbaga sring saben wengi  
dadya sareng lumaris  
gantya wau kang winuwus  
lampahira Surakal  
dumrojog pakuwon prapti  
tan ana wruh lajeng maring pasareyan..

3. Angadeg ana ing dagang  
mangu denira ningali  
ing cahya ingkang anendra  
apindha wimbaning sasi  
kenaka ting parelik  
lir sujine wintang wuluh  
wungu ingkang anendra  
nanging api api guling  
Ki Surakal neng dagang sarya sru mojar.

4. Heh tahu pamijiningwang  
Wong Agung Surayengbumi  
eatu nayakaning jagad  
tyase angretna sinangling  
cahyanira nelahi  
apura parimarta gung  
yen aja anguculna  
tuwan ing para narpati  
Jaminambar kang samya kajodhi ing prang.

5. Ulun tumpes sabalanta  
inggi sawengi puniki  
ing mangke tuwan upama  
mungsuh kabanda ing jurit  
ngapura ngaji aji  
tan mbucal namaning ratu  
tuwan luwihken samya  
pamulasareng para ji  
dadya tuwan tetep musthikeng buwana.

6. Tan kenging yen cidranana  
dadya mangke amba amit  
sigra mesat Ki Surakal  
tan arsa medal ing kori  
pager kang den lumpati  
jagang kapurancang metu  
cat katinggal cat ilang  
Umarmaya angrawuhi  
njawil marang Wong Agung ing Parangteja.

7. Yayi maling Jaminambar  
iki si Surakal Arip  
anakmu sira dhepanana  
ingkene nyekela maling  
ingsun tilik rumiyin  
ing jro pasanggrahan agung  
manawa anakenan  
nora suwe ingsun mijil  
Umarmaya angatag atma sekawan.



8. Mardani Marsudi enggal  
tututana punang maling  
buten pat lan arinira  
si Marsaid Umarsabit  
sigra putra pat sami  
tur sembah rama umagut  
payo maling mandhega  
ing kene padha prajurit  
sira mamak heh maling ing Jaminambar.

9. Surakal sira miyarsa  
lamun wau dentututi  
rarya papat sumbar sumbar  
wus mandheg Surakal Arip  
lajeng denya ajurit  
Ki Surakal kinarubut  
ya ta Dyan Tasikwaja  
sajroning pakuwon prapti  
pan kepanggih Wong Agung nuju pinarak.

10. Nulya tanya Umarmaya  
wau ngriki wonten maling  
Wong Agung alon ngendika  
iya ngadeg dagan mami  
sun api api guling  
nora suwe nuli metu  
matur pun Tasikwaja  
punika Surakal Arip  
maling sekti andele wong Jaminambar.

11. Marmaya wus amit medal  
praptaning njawi ningali  
atmajane prang lan dhustha  
apan eca tyasireki  
dadya pijer alinggih  
lan Maktal eca ndedulu  
yudane putranira  
aramé gantya ngungkuli  
pun Surakal kinepung tinubruk mesat.

12. Tinubruk ngering anganan  
tinubruk nganan angering  
binlejog tengah menculat  
marucut mrucut kinempit  
ubeng ubengan sami  
putra sekawan amuwus  
heh laknat sira mamak  
anglekasaken maling sekti  
ngendelaken wong linuwih kaya sira.

13. Baya wong ing Jaminambar  
kang linuwih sabeng wengi  
liyaning praja tan ana  
angorakaken sayekti  
pakuwon Ngarab iki  
nuduhausen tan ana kakung  
karya pangeram eram  
dyan putra Marmaya sami  
sakawanya sareng ananjata kaca.

14. Surakal mumbul tan kena  
anjepat kapanggih wuri  
umales nanjata kaca  
putra Marmaya tan keni  
sami widagdaneki  
apan sami sektinipun  
sami rikat manculat  
dangu rame ing ngajurit  
gya Surakal angilang metu ngiringan.

15. Umardani penrepekan  
gigire sinundep seking  
aniba sampun palastra  
Umarsadi Umarsaid Marsabit den sundepi  
pejah tiba ting talebug  
kagyat sira Marmaya  
anyandhak sarwi anangis  
kang kekalih cinandhak ing Arya Maktal.

16. Nalangsa Dyan Tasikwaja  
pangantage marang siwi  
langkung ngungun kaduwungnya  
dangu dangu emut nuli  
yen titahing Hyang Widi  
pangatage marang sunu  
batin pakaryaning Hyang  
ing pepancen wus pinesthi  
ya ta wau Surakal nguwh sesumber.

17. Heh dulunen Umarmaya  
sutamu kapat ngemasi  
kagyat Umarmaya nabda  
lah yayi Maktal sireki  
tunggunen sutamami  
sun susule maling iku  
nampel wentis Marmaya  
mesat kemilat lir thathit  
prapta nggene Surakal lajeng tempuh prang

18. Heh Marmaya kemayangan  
sira temu lawan mami  
kene padha andeling prang  
adhemit pan maling sekti  
sira maling sun maling  
payo ngadu yaseng pupuh  
lah iya aja susah  
sagendhingmu sun tadhahi  
sigra kalih amedalken kaluwihan.

19. Kaluwihaning Surakal  
metokken sanjata agni  
Marmaya medalken sigra  
apan ta sanjata warih  
epun datanpa dadi  
Surakal medalken sampun  
jemparing Dyan Marmaya  
parise daluwang prapti  
duk pinanah tangkis parise daluwang.

20. Sigra mumbul Ki Surakal  
Marmaya mesat nututi  
tinulak sinawat ngubal  
Marmaya malesat ngering  
minger anengen malih  
Umarmaya sebrang-sebrung  
langkung ramening aprang  
sami pothot samya julig  
pan adangu samya nelasaken gelar.

21. Njelu Arya Parangteja  
dening danguning ngajurit  
aprang pijer lelayua  
Arya Maktal mojar wengis  
kakang sireku jurit  
teka ora unggah-ungguh  
katutuh sesembranan  
dudu carane prajurit  
prang mangkono ndadak tenaga lelewa.

22. Yen tan gelem prang temenan  
mundura ingsun genteni  
tunggunen ceceblungira  
sang adipati duk myarsi  
wuwusira kang rayi  
anangis sakit tyasipun  
anyandhak kuluk sigra  
kang saking Ngajerek nguni  
pusakane nenggih Jeng Nabi Suleman.

23. Wus pinasang tan katingal  
sanadyan setan tuwin jin  
samya tan ana tumingal  
mring Dipati Guritwesi  
pedhang wilah wus kambil  
Surakal datan andulu  
kelangan mungsuhira  
mulat kanan kering wuri  
jelalatan Surakal maras ing driya.

24. Sigra mesat ngayuh wiyat  
Sang Tasikwaja nututi  
kecandhak nulya pinagas  
kang jangga murda cinangking  
gembung tumibeng siti  
swaranira sru gumebrug  
sapejahnya Surakal  
murdanya maksih cinangking  
badanira gumuling aneng pratala.

25. Wau ta kang para nata  
wus dangu panusulneki  
mring Wong Agung Parangteja  
ratu rolikur pra sami  
ngungunira tan sipi  
eram ndulu Pulangkeguh  
gunane ing ngayuda  
mesat ngawiyat nututi  
marang langit jroning kutha Jaminambar.

26. Inguncalaken saksana  
murdane Surakal Arip  
tiba ing langit kaping pat  
kya dipati wangsul malih  
tumurun sampun prapti  
lan Arya Maktal wus pangguh  
wau jisim sekawan  
wus sami binekta mulih  
byar rahina sampun ngaturi uninga.

27. Katur Sri Kamidil Ngalam  
sigra nggenira nedhaki  
mring pakuwon Tasikwaja  
Marmaya apanggih nangis  
lan Arya Maktal sami  
kepanggih asenggruk-senggruk  
Wong Agung praptanira  
lajeng tumrutul anangis  
lah kadang ngong kang sanyawa lawan ingwang.

28. Muwusa pasthining titah  
kinersakken ing Hyang Widi  
kawula nora kuwasa  
Kya Umarmaya nulya ngling  
sarwi ngidung perasi  
tumengeng tawang mecucu  
enggar samya ametak  
kang kunarpa denkurmati  
samya ngungun sadaya kang para nata.

29. Umarmaya kidungira  
anaa sewu nak mami  
kinarsakna babar pisan  
mangsa susah tyasmami  
yen karsaning Hyang Widi  
apa gawe kudu wuyung  
bubar kang anglelayat  
mangkana ingkang winarni  
Raja Robbussamawati Jaminambar.

30. Miyat murdane Surakal  
kelangkung susahing galih  
kekes bala Jaminambar  
kang para ratu prajurit  
sang Robbussamawati  
tyasira awayang-wuyung  
nedhas prihatinira  
sadina tan ana jurit  
kalihira andhedhep mungsuh lan rowang.

31. Sang Aprabu Jaminambar  
kepati denya prih galih  
ya ta kawuwusa enjang  
kinen anembang tengari  
wadya Rab samya mijil  
tengaranira gumuruh  
baris arebut papan  
wong Jaminambar duk mijil  
andaledag umed angreb wus amapan.

32. Yayah kang samodra wutah  
wus anepungaken baris  
atata atut kewala  
wong cilik amung nyuraki  
dene kang magut jurit  
punggawa satriya ratu  
tuwin kang para putra  
gumrah sami magut jurit  
pan kinarya sesinaon ulah yuda.

33. Wau prabu Jaminambar  
anjenengi ing ngajurit  
munggwing ing langit kaping pat  
sagung malekate sami  
ngayap kang mukarabin  
kang ajagi barisipun  
ewon kang para nata  
Wong Agung Surayengbumi  
sampun miyos lawan sagung para nata.

34. Kinubeng neng pabarisan  
munggwing dirgasana rukmi  
sinasotya nawa retna  
jumerut nila widuri  
ratu andel ngajurit  
aglar kanan kering cukup  
myang raja pinituwa  
Lamdahur Prabu Marmadi  
nateng Kobar Yunan Ngabesi Yujana.

35. Ing Kangkan Kuwari Yahman  
ing Demis Biraji Turki  
ing Sam Mesir lawan Kelan  
Nateng Sarkab Ngalabani  
Bangid Rum Burudangin  
sami nama pinisepuh  
kathah yen cinaturna  
para ratu kang taruni  
ingkang sami acaos paguting aprang.

36. Dene ratu pinituwa  
yen warta niyatireki  
pamagute asmareng prang  
ratu anom-anom pasthi  
kang magut ngrumiyini  
pasamuwan kadi mendhung  
ya ta kang winurseta  
Raja Robbussamawati  
menga-mengo renteng susah kasusahan.

37. Raja Makrub kang minangka  
nenggih malekat Mikail  
kang aprang sampun picondhang  
binanting Raja Kosani  
kalenger mangkya mari  
wani malih kudu magut  
mulihken kalingseman  
tumrecep sanggupe pasthi  
apapulih kasore wong Jaminambar.

38. Maha Prabu Saesalam  
suka denira miyarsi  
sanggupe prajuritira  
sok muniya denanggepi  
pan wus kasoran dhingin  
ing mangke maksih ginugu  
Raja Makrub ingatag  
nembah miyos saking langit  
sapraptane ing barise wadyanira.

39. Sigra anitih dipangga  
samekta kaprabon jurit  
umangsah amandhi gada  
amelak lampahing esthi  
surak wadyanireki  
sagung wadya ratu-ratu  
gumuntur magenturan  
yayah manengker wiyati  
asesumbat wong Arab ywa *mundur* ing prang.



## 25. RAJA SAMBAJI MAGUT PRANG

### DURMA

1. Ya ta wau tan tahan miyarsa sumbar  
risang Raja Sambaji  
narpati Kodarya  
medhun denya alenggah  
mangyun neng byantara Amir  
nuwun sapangat  
amba miyosi jurit.

2. Angandika Wong Agung sakersanira  
yayi Prabu Sambaji  
nanging denprayitna  
sun srahken ing Hyang Suksma  
angaras padanira Mir  
nateng Kodarya  
umangsah ing ngajurit.

3. Gurawalan amelak dipangganira  
kawot kaprabon jurit  
prapteng rananggana  
sampun ayun-ayunan  
Raja Makrub asru angling  
wong Ngarab sapa  
ingkanng metu ngajurit.

4. Anauri Ingsun narpati Kodarya  
nama Raja Sambaji  
andeling ayuda  
ingangkah saudara  
tatal ngong mekasi kardi  
ambanda raja  
anembahkan para ji.

5. Makrub angling Heh Sambaji lekasana  
apa aneng sireki  
Sambaji sru mojar  
heh Makrub sira mamak  
dene sira wus ngrasani  
prange wong wetan  
sira lan Sri Kosyani.

6. Iya ora andhingini prang lan sira  
dene lagya nem wengi  
sira wus picondhang  
binanting kalosodan  
Raja Makrub duk miyarsi  
ngetab dipangga  
muter gadanireki.

7. Ingayatan sigra mangsah tangkisira  
pinupuh Sri Sambaji  
jumbret lir gelap  
gumuruh punang surak  
wong Jaminambar lok mati  
heh ratu ika  
wus ajur awor siti

8. Paris waja gada wesi tan tumama  
metwagni angalabi  
ulading dahana  
katon nateng Kodarya  
Raja Sambaji tan osik  
tangkis legawa  
dipangganira anjrit

9. Pining kalih sang Sri Sambaji ginada  
asru denira angling  
heh wong Jaminambar  
yen durung kaping tiga  
paggadanira mring mami  
pan oran sira  
sun aku mungsuh yekti.

10. Sawusira ping tiga pangadanira  
males Prabu Sambaji  
ampuhing panggada  
gumludhug swaranira  
punang paris medal agni  
gada-ginada  
langkung ramening jurit.

11. Oreg katug pandhola angombak-ombak  
samadyaning ngajurit  
reh gora prakempa  
eram mungsuh lan rowang  
angrok silih ing ngajurit  
dangu prang gada  
dipanggane Sambaji.

12. Katelangsa liman rebah lajeng pejah  
kaplesat tibeng siti  
tangi narik pedhang  
Makrub dipangganira  
pinedhang tatas kang sikil  
malumpat tiba  
gumuling aneng siti.

13. Tangi narik pedhang gapruk lajeng medhang  
pedhang-pinedhang ganti  
udreg liru papan  
keder ider-ideran  
pacangkrama liru tangkis  
surak gumerah  
suka kang aningali.

14. Abar tangkis rok pedhang pedhang-pinedhang  
kari luwosing jurit  
Sambaji andhupak  
jajane Makrub niba  
kalumah pan kasaliring  
gya linumpatan  
dening Raja Sambaji.

15. Wangkingane cinandhak sarwi apetak  
kajunjung Makrub aji  
apan wus ingundha  
angubengaken tawang  
adangu nulya binanting  
rata bantala  
Makrub pejahireki.

16. Balung sumyur luluh datan ana kalap  
eram kang aningali  
tuhu yen prawira  
Sambaji prabu tama  
wonten ratu surs sekti  
wong Jaminambar  
prakosa geng ngainggil.

17. Ran Mahraja Gurdana ngrapaken kuda  
duka yayah sinipi  
prapta ing ranangga  
sampun ayun-ayunan  
Raja Sambaji binindi  
saking turangga  
tinangkis datan osik.

18. Sampun tita Gurdana pambindinira  
sinabet kang turanggi  
suku papt rantas  
Sigra prabu Gurdana  
malesat tiba kabanting  
gya linumpatan  
dening Raja Sambaji

19. Wus cinandhak astanira kalih pisan  
rinangkus datan osik  
Umarmaya prapta  
sarya mbekta pusara  
Gurdana wus den taleni  
mring Tasikwaja  
binekta mundur aglis.

20. Mring barise Marmadi dyan malih prapta  
ratu lajeng nggadani  
Sambaji tan obah  
winales wus kabanda  
Wong Ahlul kojah amarni  
ingkang carita  
prange Raja Sambaji.

21. Ing sadina antuk ratu kalih dasa  
kang sami denbandani  
kasrah Umarmaya  
satunggal kang palastra  
dadya selikur para ji  
wong Jaminambar  
bebecike kang keni.

22. Dening Prabu Sambaji nateng Kodarya  
sampun diwaseng ari  
mundur kalihira  
bedhol baris sadaya  
Wong Agung Surayengbumi  
methuk praptanya  
marang Raja Sambaji.

23. Nguswa pada ing gusti Sang Kakungingrat  
rinankul pan kinempit  
kakang paran polah  
ira ambanda mengsah  
para ratu luwih-luwih  
wong Jaminambar  
kasor sira cekeli.

24. Matur nembah saking sapangat Jeng Tuwān  
nugrahani ing dasih  
lajeng masanggrahan  
sadalu andrawina  
pinaringan busanadi  
kaprabon endah  
sapanjeneng buka sri.

25. Kawuwusa ing dalu Sri Saesalam  
bojana lan para jai  
nanging geng sungkawa  
atanya mring Baktiyar  
wong Arab wau kang jurit  
kagila-gila  
prakosa sura sekti.

26. Sapa rane lan ing ngendi prajanira  
Baktiyar awotsari  
nagrine Kodarya  
Mraja Sambaji nama  
nak sanak nguni garwaMir  
putri ing Kelan  
kang uwa kang sesiwi.

27. Asru mojar Mahaprabu Saesalam  
pira ratu kang keni  
ingkang kabandeng prang  
matur para malekat  
setunggal rempu binanting  
lan kalih dasa  
kasor dipunbandani.

28. Abdi Tuwan apan ratu pepilihan  
kang katawan Sambaji  
nabda maharaja  
yen ingsun umaguta  
amatenaria Sambaji  
sun sempal-sempal  
lawan sun suwir-suwir.

29. Nanging nistha sun mengsah raja Kodarya  
dene ratu pamburi  
pan dudu pangarsa  
yen ingsun paguta prang  
apes temen jeneng mami  
ya ta na raja  
geng luhur angluwihi.

30. Kang amatah sagung wadya Jaminambar  
kang dadi Jabarail  
Duljalal prakosa  
dedeg satus sawidak  
egas prawira ing jurit  
mila kinarya  
malekat Jabarail.

31. Wruh ing semu yen gustine sru sungkawa  
sujud matur ing gusti  
dhuh kang Maha Mulya  
amba kang mulihena  
lingsem kang dados prih galih  
kula kang mangsah  
mangke amba bandani.

32. Para ratu Ngarab ingkang samya ulap  
kang sama nglelanangi  
madyaning ranangga  
inggi ing benjang-enjang  
katura bebestan sami  
ing ngarsa tuwan  
suka wau duk myarsi.

33. Sru ngendika Mahaprabu Saesalam  
iya ing benjing-enjing  
nuli lakokena  
kaya saujarira  
wus seger ingsun miyarsi  
sira wus sasat  
nyekel si Bagendhamir.

34. Sarupane kang ngasorken kancanira  
tumpesen ywa na kari  
Duljalal sendika  
ing dalu tan winarna  
ya ta kawuwusa enjing  
muni tengara  
angirabaken baris.

35. Samya medal kang baris arebat papan  
wadya Rab animbangi  
sampun mungging papan  
ri sang Surayenglaga  
neng dirgasana alinggih  
kang para nata  
aglar neng kana kering.

36. Prabu putra prabu buyut parabu wayah  
kang sami mungging kering  
kanan para raja  
warnanen Jaminambar  
miyos wus sami alinggih  
langit kaping pat  
njenengi ing ngajurit.

37. Amit nembah mring sang Prabu Saesalam  
Duljalal Jabarail  
sapraptaning ngandhap  
mundhut kuda peperangan  
kawot sakaprabon jurit  
kuda wedalan  
nagri Budardan jenggi.

38. Ageng luhur kuwat weton ing Budardan  
geng inggil pitung kaki  
mangsah mungging kuda  
sarwi amandhi gada  
prapteng papan asesirig  
lajeng mandhapan  
dedege sri bupati.

39. Satus lan nem dasa gas apan sambada  
simbar jaja thi athi  
godheg palawangan  
jejenggot ketel panjang  
yen tinon lir danawa ji  
mata ngatirah  
andik pan kadi agni.

40. Sumbar sumbar heh payo prajurit Ngarab  
kang mangan wohing dami



kang anganggo pama  
wulune wedhus gebas  
lah papagna tandang mami  
angadu yasa  
sapa kang bosen urip.

41. Iki andel prajurit ing Jaminambar  
jro langit jabaning langit  
sun patih tuwa  
pituwaning pepatih.

42. Ya ta wonten ratu bala Rab miyarsa  
prajanira Siwardi  
sang Raja Daryalam  
marek pamit magut prang  
manambah anyuwun idin  
wus ingidinan  
ngendika Jayengmurti.

43. Iya sira sun srahken Hyang Maha Mulya  
nembah Daryalam aji  
nitih kuda mangsah  
kawot kapraboning prang  
prapteng papan asesirig  
angundha gada  
sang prabu ing Siwardi.

44. Wus apanggih lawan sang Prabu Duljalal  
ingkang aran Jabrail  
asru atetanya  
ratu sapa ranira  
dene sira kumawani  
wani amapag  
sun tangguh mungkur wuri.

## 26. RAJA DARYALAM TANDHING LAN RAJA DULJALAL

### PANGKUR

1. Nauri Prabu Daryalam  
sun Daryalam narapati Siwardi  
Duljalal asru angguguk  
yen sira wani ringwang  
apa ana ing sira tamakna mringsung  
Daryalam nauri sugal  
mamak jampeng ta sireki.
2. Dora yen ora ngrungua  
yen wadya Rab ing yuda tan ndhingini  
yen durung jangkep ping telu  
datan ingaku mengsah  
yen wis ganep ping telu panggadani pun  
yeku wus ingaku mengsah  
rebut begja amalesi.
3. Gumujeng senggak Duljalal  
iya bener amung kemba sung angling  
manawa na bedanipun  
kehe bala Nata Mbyah  
bokmanawa ana seje gelaripun  
wantu pira pira raja  
tan wruh rempeg sadayeki.
4. Yen wus sajaman warata  
ya denyitna sira ing sun dhingini  
sesambata wong tuwamu  
tiba antaka nira  
nora wurung sira mengko dadi awu  
ketiban ing gadaningwang  
sanggak kang mangka Jabrail.

5. Pan sarwi amuter gada  
wawrat sewu kati mas punang bindi  
ngling Daryalam kitakamu  
tarimanan denira  
kang angambil nyawa boting gadaningsun  
wus amasang tangkisira  
Daryalam nateng Siwardi.

6. Wus tiba gada lir gelap  
langkung kuwat Duljalal Jabarail  
prasamya kagyat wadyagung  
wau tibaning gada  
lan rosane Daryalam panangkisipun  
oreg kang bumi prakempa  
dadya mangayuh wiyati.

7. Geng mubal makatar katar  
tibanira dahana angliwati  
sajabaning baris agung  
tiba ing wana wasa  
maksih ageng agni nunu ing wanagung  
burone geger lumaywa  
anerot narajang baris.

8. Barise wong Jaminambar  
kang katrajang andakawarak esthi  
singa blegedaba senuk  
memreng rimong tassaka  
miwah sato lit alit mawur sumawur  
maledug pyak anarajang  
ulengan madyaning baris.

9. Wadyalit ing Jaminambar  
kedeg keles dening andaka thi  
katunjang ing mesandanu  
singa taksaka wraha  
kang katempuh baris wadyalit keh lampus  
baris Ngarab keh katrajang  
ngalangen daludag sami.

10. Tunggul lelayu bandera  
ngalangken pinolah angebyoki  
buron sami nggiwar mawur  
nulak anempuh samya  
baris Jaminambar uyel kawur kawur  
kang keles sami keh pejah  
dening buron ing wanadri.

11. Cubluke wong Jaminambar  
buron nempuh tan ana den kebyoki  
ing daludag umbul umbul  
sayekti ajrih nrajang  
teka ndadak tinumbak banthengireku  
singa andanu sangsaya  
ngamuk dening nandhang kanin.

12. Ambel<sup>asah</sup> kang pepejah  
dadya kendel samana kang ajurit  
dening baris gegeripun  
baris Ngarab ngundhangan  
ngobat abit bandera daludag agung  
mrih nggiwate buron alas  
lutung nggegiris ngebyoki.

13. Ing tunggul miwah daludag  
pamrih aja ngeroni wong ngajurit  
marma kinen atetlung  
wadya Rab tyasireca  
manuk manuk kang katrajang geni murub  
mumbul kembang ing maruta  
anibani wong abaris.

14. Keh mati lajeng pinangan  
wus mangkana buron giras samya jrih  
kinebyok ing umbul umbul  
nulak bali mring wana  
lawan sampun sirep dahaneng wana gung  
nanging wus kathah kang pejah  
mangkana wau kang jurit.

15. Duljalal lawan Daryalam  
rame denya genti bindi binindi  
adangu pupuh pinupuh  
dereng wonten kasoran  
apan nyengka Daryalam tandhingipun  
kari gung luhur agagah  
aprakosa sura sekti.

16. Daryalam pan amung sura  
aprakosa nanging tan ageng inggil  
pideksa dedege patut  
bagus pan datan gagah  
rame aprang gada pupuh pinupuh  
pan samya prakosanira  
miwah kuwating panangkis.

17. Dangu dangune prang gada  
saking kuwat Duljalal awor runtik  
tan tula prakosanipun  
panangkising Duljalal  
miwah Prabu Daryalam panangkisipun  
kuwat pamupuh Duljalal  
Daryalam kuda ngerasi.

18. Gigire putung kapadal  
bebokonge kuwat neki  
kapalesat tibanipun  
tangi anarik pedhang  
kudanipun Duljalal pinedhang rampung  
sukunira kapat pisan  
sigra lumumpat Jagrail.

19. Caruk prang pedhang pinedhang  
ukel panduk popor ukih ingukih  
rame suraknya gumuruh  
kadya reh nengker wiyat  
antuk sisih kaprawiraning prang pupuh  
sadina prange Duljalal  
Daryalam nadhahi tandhing.

20. Samya eram kang tumingal  
kuwatira Daryalam tandhing jurit

mungsuh ageng tur aluhur  
Jabarail Duljalal  
suprandene tan kasor sagendhingipun  
aprang gada aprang pedhang  
prang duduk cacab calimprik.

21. Miwah prang junjung junjungan  
gantya tarik tinarik datan osik  
bakuh tan ana kang rubuh  
kongsi suku kalihnya  
ambles tala apan ta kongsi sadekung  
sumundhul sendhal sinendhal  
mangukih tan ana kongkih.

22. Sakenjing denira aprang  
malah sore pan dereng wonten salin  
Duljalal Jabrail muwus  
Daryalam kesel ingwang  
sesuk wae tinutugaken prang pupuh  
nauri Raja Daryalam  
lah iya iki wus wengi.

23. Pareng mundur kalihira  
tinetegan mundur kang sami baris  
Daryalam ing praptanipun  
sakala tinadhahan  
duk manembah Daryalam lajeng pinengkul  
sang nateng Siwardi marang  
Wong Agung Surayengbumi.

24. Kinempit ingkang mastaka  
Sri Daryalam sampun binekta linggih  
ingela ela dinangu  
paran yayi Daryalam  
prang sadina mungsuhira geng aluhur  
andele wong Jaminambar  
Prabu Daryalam wotsari.

25. Nugraha estu Jeng Tuwan  
inggih dremi pun dasih anglampahi  
dyan bubar makuwon sampun

lajeng samya ndrawina  
sang Aprabu Daryalam pinanring agung  
busaneng kaprabon endah  
sukeng tyas nateng Siwardi.

26. Suka para raja raja  
samya muji prawirane ngajurit  
marang sang Daryalam Prabu  
denira prang sedina  
lan Duljalal kang nama Jabrail iku  
pepatih mangku bantala  
angreh samaning pepatih.

27. Anenggih sapraptanira  
ing ngarsane Sang Robbussamawati  
Patih Duljalal sang prabu  
langkung trusthaning driya  
atetanya heh Jabarail sireku  
kaya paran denira prang  
sedina pur tanpa edhil.

28. Sapa rane mungsuhira  
liwat suka kang padha aningali  
antuk sisih ing prang pupuh  
tan ana kang kasoran  
dene mungsuhira maksih non abagus  
sapa namanirendra  
apane Surayengbumi.

29. Patih Duljalal turira  
pun Daryalam narpati ing Siwardi  
pan punika ipenipun  
nak sanak lan garwanya  
putri Parangakik kang kaprenah sepuh  
punika anaking paman  
nira Dyah Sudarawreti.

30. Pun Daryalam Ibni Kanjar  
Raja Kanjar kithanipun Siwardi  
punika ingkang asunu  
prakosa mandraguna

ingkang rayi ing Raja Parit karuhun  
makaten pangakunira  
duk mangsa amba takeni.

31. Langkung sudira sudibya  
tan kumedhap anadhahi ing bindi  
ayem pranging gelaripun  
langkung dening prakosa  
yen anggada sami lawan pitung ratu  
yen sanes kang nadhahana  
remak rempu awor siti.

32. Sukane manah kawula  
kadya manggih sesotyadi sawukir  
kala sinade bebakul  
nanging bebakul rucah  
dereng uning ing sesotya retna luhung  
panumbas amba pan mirah  
pamucung nem dinar keni.



## 27. DULJALAL NYARIOSAKEN AWRATING JURITIPUN PARA RATU KUPARMAN

### POCUNG

1. Wonten ulun mantuk sakethi jinipun  
sukaning wardaya  
sira Robbussamawati  
para ratu kang myarsa angalembana.
2. Sang Aprabu Duljalal ginanjar sampun  
pangadeg karajan  
murwendah suka nampeni  
matur malih Jabrail Patih Duljalal.
3. Dhuh pukulun dipunprayitna sang prabu  
lamun ta kiranga  
ing pamicareng ajurit  
miwah lamun kiranga reh pangupaya.
4. Laminipun jeneng Tuwan Hyang Aluhur  
tapis para raja  
bang kilen kethen pafa ji  
sami wonten ing soring dhedhampar tuwan
5. Mung pukulun samangke amanggih mungsuh  
sultan ing Kuparman  
asugih bala para ji  
pan sadaya tan wonten jugul ing pada.
6. Dhuh pukulun eram kawula kalangkung  
ing nguni duk aprang  
pun Makrub inggih Mikalil  
kang mejahi nggih ratu wingking kewala.

7. Dereng muncul ratune kang punjul punjul  
ratune pangarsa  
satunggal ingkang miyosi  
ratu ipe Brudangin Tasangsulngalam.

8. Yudanipun angsal ratu pitung puluh  
sawidak kang pejah  
sádasa kabanda urip  
pan sadina tan kasor ginrumung aprang.

9. Yen sang prabu kiranga budi pukulun  
wrate ingkang mengsah  
tan wande mbandakalani  
kadi risak praja ji ing Jaminambar.

10. Yen ketungkul tan amet pangupayeku  
kadi prapteng tiwas.  
Wong Agung Surayengbumi  
tuhu awrat ing jagad datanpa lawan.

11. Ratunipun pawingking prange pukulun  
makaten punika  
pun Daryalam ing Siwardi  
mendahane ratune ingkang pangarsa.

12. Alamdahur Umarmadi lan Tamtanus  
miwah Kewusnendar  
ratu Bangid lan Ngabesi  
Kangkan Kaos Biraji Turki lan Kebar.

13. Rajeng Kulub lan Mutadarawi Prabu  
ing Santari Buldal  
Talsiyah ing Kandhabumi  
cinatura ratu ewon andeling prang.

14. Ing prang pupuh pan akethen satriyampuh  
punggawa prawira  
yutan wus samya ngentasi  
wong Kuparman kadi tan pantes minengsah.

15. Duk angrungu Patih Duljalal turipun  
langkung dukanira

sira Robbussamawati  
marong marong jaja kadi maledhosa.

16. Garap gangsul panabdane sreta sretu  
hah enggal baliya  
sira nggunggung mungsuh mami  
awuwuha sakethi kang kaya sira.

17. Laum ingsun ngumbara kasektenipun  
bumi sun remeda  
kapusus ing asta mami  
aja cacak wong Ngarab maksih manungsa.

18. Lagya ingsun angumbar prajuritingsun  
kang tate prawira  
iku kang sunkon mateni  
yen wong Jaminambar tan ana kang mentas.

19. Yektinipun sun dhewek ngawaki pupuh  
numpes wong bang wetan  
siji mangsa na akari  
lamun ingsun wus tumandang nuli bebas.

20. Mungur mungur sarikutan dukanipun  
apa sira Jalal  
wali wali dentudingi  
Patih Jalal miyarsa andharodhogan.

21. Lamun ingsun nora anumpes ing mungsuh  
sun dudu pangeran  
pitung bumi pitung langit  
lawan dudu wijine wong Jaminambar.

22. Patih sujud dhuh pukulun gutiningsun  
kalintu ing tanpa  
amba matur sayekti  
sinten purun matur yen dede kawula.

23. Matur tuhu mangsa ajriha linampus  
jer saestu awrat  
pratandha purun anggitik  
anglurugi mring nagari Jaminambar.

24. Sinten ratu ngalam donya sureng mungsuh  
mung Sultan Kuparman  
jer pikire wus dinadi  
yekti sampun mateng denya met upaya.

25. Boten nggunggung ing sayekti labetipun  
tan kenging linamba  
amengsah wong Pusaerbumi  
yektos arsa matengaken pangupaya.

26. Raja Robbus wus sareh bremantyanipun  
nulya tatas rina  
munya tengaraning jurit  
abusekan baris mijil amet papan.

27. Tri gumuruh gumaludhug kadi ladhu  
wadya Jaminambar  
wadya Ngarab wis nimbangi  
pan gemulung kadya lun angombak ombak.

28. Baris tepung angendhanu kadya mendhung  
samyang ngungun mulat  
samyang geng tepungipun baris  
salamine wong wetan durung manggiha.

29. Gunging mungsuh sami lawan barisipun  
mung wong Jaminambar  
animbangi gunging baris  
kerigane Jaminambar dereng telas.

30. Nggili rawuh jajahane watesipun  
pan sadina dina  
wong Jaminambar kang prapti  
para ratu watesan mandanagara.

31. Gya Wong Agung sawadya lan balanipun  
mijil pabaratan  
prapta wus kapang alingih  
munggwing nawa retna dhadhampar rinengga.

32. Dyan pra ratu Jaminambar pan wus rawuh  
aglar aneng papan

kang asaos ing prang tandhing  
Saesalam wus mungging langit kaping pat.

33. Mukarabun para malekate kumpul  
Duljalal manembah  
amit medal ing ngajurit  
mudhun saking ing kangit tiga andurma.

## 28. BALANIPUN WONG AGUNG KATAWAN ING MENGSAH

### DURMA

1. Wus angrasuk busaneng prang lan turangga  
kawot kaprabon jurit  
wus anitih kuda  
mangsah ing rananggana  
saandaka gencing wajik  
weton Janggisar  
lir yaksa buntut sari.

2. Wulu ngrembyuk sesuri kangsrah ing tala  
lir binarong kang wajik  
mangsah mandhi gada  
asru asumbar  
wong Ngarab sapa rep mati  
payo metua  
ing kene padha jurit.

3. Si Daryalam apa ta sira tan wikan  
yen ingong iki mijil  
wingi wus ubaya  
anutugaken ing prang  
Raja Daryalam udani  
yen Ngabduljalal  
kang anama Jabrail.

4. Marek nembah ing Sultan Kamidil Ngalam  
amit arsa nadhahi  
yudane Duljalal  
nulya na ratu prapta  
kedah nagalangi jurit  
marang Daryalam  
Rum Burhar sri bupati.

5. Sira Raja Berhaman amit anembah  
pukulun patih gusti  
amba ngalangana  
ubayane Daryalam  
ngendika Amir Mukminin  
Kamidil Ngalam  
yayi Prabu Siwardi.

6. Lah mandhega wingi prandene wus aprang  
Raja Rum Burhar iki  
kang nangglangi sira  
ing karsa padha padha  
kendel Daryalam ngabekti  
Raja Berhaman  
ing Burhar nembah amit.

7. Nitih kuda geng luhur weton Kunawar  
mbelalak pancal wuri  
kapraboning aprang  
kawot aneng turangga  
umangsah gambireng jurit  
amandhi gada  
prapteng papan wus panggih.

8. Patih Jalal tetanya heh sira sapa  
iku kang metu njurit  
dudu si Daryalam  
arsa sun temenana  
sang nateng Burhar nauri  
yengsun Berhaman  
Rum Burhar kutha mami.

9. Ingsun ingkang nanggalangi ring Daryalam  
payo nuli ajurit  
angling Patih Jalal  
lah iya den prayitna  
tadhahana gada mami  
angangkat gada  
Duljalal Jabarail.

10. Muter gandanira sarwi senggak senggak  
mati mengko wong iki  
ajur de gadengwang  
Raja Berhaman yitna  
rikat denya masang tangkis  
tibaning gada  
lir gelap manengkeri.

11. Rame surak wong Jaminambar wong Ngarab  
rame ingkang ajurit  
sang nateng Rum Burhar  
sigra males anggada  
prang rame bindi binindi  
raosing gada  
myang kuwating panangkis.

12. Mijil api saking parise makantar  
turanggane samyanjrit  
sang Prabu Berhaman  
ngantep pangganira  
Duljalal kuwat panangkis  
turangga rebah  
kalih pisan ngemasi.

13. Kang anitih lajeng tiba kalih pisan  
samyakapleset tebih  
sareng tanginira  
sareng anarik pedhang  
pedhang pinedhang matangkis  
pan duk dinadak  
udreg tangguh nangguhi.

14. Dangu aprang pedhang rempu kalih pisan  
tan ana migunani  
sareng mbuwang pedhang  
gapyuk candhak cinandhak  
Raja Berhaman sor titih  
kantun gengira  
tinarik dyun binanting.



15. Wus kabanting tiba lajeng linumpatan  
jajanira sang aji  
Berhaman kabanda  
ingunduraken bala  
nander Raja Sarkab Turki  
wus prapteng papan  
kagyat tanya apatih.

16. Sapa ranmu nauri sun Raja Sarkab  
kuhtaningsun Rum Turki  
andeling Kupauman  
tur ratu pinituwa  
Patih Duljalal tulya glis  
angangkat gada  
ginada Sarkab Turki.

17. Saking dharat panggadaning Patih Jalal  
rajeng Rum Sarkab Turki  
maksih luhur kuda  
gugup panangkisira  
tunadungkaping panangkis  
kudane pejah  
Sarkab tiba njempalik.

18. Pyuk cinandhak wus inguleng gya binanda  
kasrah ing bala wuri  
wonten malih prapta  
bangsa Rum kang murina  
putra nateng Rum Santari  
wus prapteng papan  
Dyan Kiswarin Diswarin.

19. Cinandhakan kalih pisan wus binanda  
wuru denira jurit  
Apatya Duljalal  
sariranya dadya rah  
Radyan Kiswarin Diswarin  
sinrahken bala  
wong Rum Turki santari.

20. Kagegeran meng kepeksa umaguta  
pra dipatine sami  
myang satriyanira  
arsa mangsah ngamuka  
ninging kasaput rep kang rawj  
mundur kang aprang  
tigang praja wong Rumi.

21. Undurira sungkawa tawan karuna  
wong Rum Turki Santari  
tuwin wong Rum Burhar  
inggang ratune kena  
wuwusen tawan para ji  
binekta minggah  
ing Duljalal mring langit

22. Praptang ngarsanira neng langit kaping pat  
Sri Robbussamawati  
suka dik tumingal  
marang ratu kang kena  
Malekat kang mukarabin  
aglar neng ngarsa  
tuwin ratu prajurit.

23. Kathah sami ingandikan ambojana  
andel andel para ji  
mring langit kaping pat  
sami kinen uninga  
mring para ratu kang keni  
bala Nata Rab  
kinen angrungu sami.

24. Panarine maha prabu Saesalam  
malekat mukarabin  
paran karsanira  
bebandan para raja  
iya pa pinten iki  
pikiren padha  
pantese urip mati.

25. Sigra Patih Baktiyar matur anembah  
punika yen suwawi  
sampun pinéjahan  
tinrapana siyasat  
kulite bineset sami  
gundhule samya  
kinalonyoman sami.

26. Nunten sami pinenthang tengah paprangan  
dimen giris ningali  
kang kantun tyang Ngarab  
dadya pangeram eram  
wonten ratu gung prajurit  
ingkang minangka  
Malaekat Israpil.

27. Nama Prabu Sapardan ika prawira  
sugal nambungi angling  
heh sira Baktiyar  
dudu ambeking raja  
nyakuthis pikirireki  
pantes sok kalah  
ratunira Medayin.

28. Saben minta sraya nora tahu menang  
prang dhewe nora wani  
jer suka niyaya  
tan duwe pangapura  
wong niyasat tanpa hasil  
pikirmu nistha  
pa gene niyasati.

29. Apa kurang gustiningsun Jaminambar  
niyasati mring dasih  
kang padha dedosan  
ewon jroning naraka  
narakane warni warni  
isi tatrapan  
sadosa dosaneki.

30. Iki dosa apa wong kacandhak aprang  
tur wis den kawiti  
mungsuw aweh tilas  
ambanda para raja  
Jaminambar madyeng jurit  
ratu suwidak  
tan ana den pateni.

31. Inguripan tan ilang ajining raja  
anemu kurmat sami  
Kya Baktiyar pucar  
myarsa linge Sapardan  
Duljalal suka tan sipi  
gumuyu mojar  
heh patih ing Medayin.

32. Lamun sira remen mulat ing siyasat  
sira meta pribadi  
para ratu Ngarab  
sesuk metuwa aprang  
sakarep karepmu dadi  
yen iki ora  
kena milu amikir.

33. Dudu pikir yen mungguh ing Jaminambar  
dudu nagri Medayin  
alon angandika  
Srimaha Saesalam  
yen sun patenana iki  
manawa kurang  
ya si Surayengbumi.

34. Prajurit kang den adu ing paprangan  
dadi cuwa wak mami  
nggoningsun tandhing prang  
lawan Wong Agung wetan  
sanadyan antuka malih  
bebandan raja  
saben saben prajurit.

35. Sayektine ingsun uripi sadaya  
jabakna ingkang mati  
madyaning palagan  
lah Duljalal uculnya  
iya wong Ngarab kang keni wus inguculan  
mari denira kingkin.

## 29. PRABU TASANGSUL NGALAM KAPIKUT ING MENGSAH

### ASMARADANA

1. Dinangu prajanireki  
sami tanah Ngrum sadaya  
miwah ta ing kekasihe  
Raja Berhaman Rum Burhar  
Rum Turki Raja Sarkab  
Rum Santari kalipun  
Kiswarin Diswarin nama.

2. Mahaprabu tanya malih  
sapa ratu Rum kang rosa  
iya ta ingkang katpe  
marang si Surayenglaga  
Raja Sarkab turira  
ing Rum Brudangin puniku  
Maharaja Tasangsul Ngalam.

3. Puniku kang anglurahi  
ratu tanah Ngrum sadaya  
inggi nadyan ingkang dede  
tanah Ngindi kyah kabawah  
marang Tasangsul Ngalam  
punika pan ratu agung  
sugih bala para raja.

4. Sampun sami pinisalin  
daluh dalu apamitan  
kalilan lampahe anjog  
saking ing langit kaping pat  
lajeng dalu lumampah  
neng marga ya ta kapethuk  
sang Dipati Tasikwaja.

5. Ngendika sang adipati  
yayi Sarkab dene para  
padha kepapag neng kene  
paran margane linuwut  
apa ta lunga minggat  
umatur samya gumuyu  
inggih marga denapura.

6. Boten nganti siyang malih  
gumujeng Dyan Tasikwaja  
arsa sunmalingi kiye  
ya tuju wus ingapura  
becik si Saesalam  
nimbangi beciking mungsuh  
matur malih Raja Sarkab.

7. Boten nggega denaturi  
dhateng pun Patih Baktiyar  
ature kinen aneset  
kulit punika sadaya  
inggih pun Saesalam  
mindhak duka tan anggugu  
mila nunten linuwaran.

8. Ngling Dipati Guritwesi  
si ipe Baktiyar edan  
wong Medayin wis lakune  
anabok anyilih tangan  
sigra sareng lumampah  
umiring kang para ratu  
mring Dipati Tasikwaja.

9. Wus prapteng pakuwon sami  
lajeng marek ing ngajengan  
katur sasolah solahe  
mesem Wong Agung miyarsa  
lajeng denya bojana  
datan winarni ing dalu  
enjang kang para narendra.

10. Tenggara miyosi jurit  
muntab kumrab awurahan  
umyang swaraning kendhang gong  
wadyagung mijil met papan  
dhendheng baris kalangan  
wadya Jaminambar tepung  
nepungi baris anggabag.

11. Wong Agung Surayengbumi  
wus mijil mungging amparan  
ing ngarsa kang para katong  
tuwin patih Jaminambar  
Jabarail Duljalal  
senapati wakilipun  
anjenengi ing ngayuda.

12. Ratune mung aningali  
mungguh ing langit kaping pat  
wau kang aprang kalihe  
wus sami wawang winawang  
Prabu Tasangsul Ngalam  
amit nembah nguswa suku  
mring raka Kamidil Ngalam.

13. Ngendika Amir Mukminin  
yayi mbok aja mijil prang  
sanakira misih akeh  
kang durung padha metu prang  
Prabu Tasangsul Ngalam  
nuwun kedahing pamagut  
Wong Agung alon ngendika.

14. Iya sakarsanta yayi  
sunsrahaken ing Hyang Suksma  
asksana mundur wotsinom  
mangsah dharat sri narendra  
prapteng papan sesumbar  
wong Jaminambar dengupuh  
sapa kang arsa palastra.



15. Iki Prabu Burudangin  
andele Sultan Kuparman  
saparsa nusul patine  
kancane kang para nata  
miwah kang nedya bela  
miwah ing kadang wargeku  
heh payo maguta ing prang.

16. Patih Duljalal udani  
nuding pat para narendra  
Raja Arman satunggile  
lawan sang Raja Sapriyan  
lawan Raja Kikabal  
sekawan Raja Dulmakrum  
ratu andel Jaminambar.

17. Sami dharat mangsah jurit  
sadaya amandhi gada  
samyanggiwa parise  
sekawan prapteng payudan  
sampun ayun ayunan  
tetanya Prabu Tasangsul  
kabeh sapa namanira.

18. Bupati apa narpati  
tuwin si lamun satriya  
angakuwa mumpung mangke  
aja mati tanpa aran  
angling kapat narendra  
Arman Sapriyan Dulmakrun  
kang siji Raja Kikabal.

19. Sekawan sareng nggadani  
katulak panangkisira  
sarwi ngulur palu rante  
kinawetken anggiwa  
kena sakawan pisan  
kapuket sampun karangkus  
sinrahaken marang bala.

20. Patih Duljalal udani  
yèn Prabu Tasangsul Ngalam  
ing kang magut palu rante  
nudu narpati sadasa  
sigra umangsah dharat  
ing wuri malih anudu  
ratu pitu andeling prang.

21. Wineling ywa metu wuri  
pama sira angrubuta  
ngarsa kanan kering bae  
pan ing wuri legakena  
dadya ratu pitulas  
umangsah sareng angrubut  
anggada medhang amanah.

22. Bingung Nateng Burudangin  
amuter panangkisira  
sarwi ngulur palu rante  
astane tengen pinanah  
kendho pangoserira  
mengsah kang pitulas ratu  
kang lima keneng rante mas.

23. Kang rolas maksih ajurit  
nander apatih Duljalal  
dharat medal ing wurine  
kasilib Tasangsul Ngalam  
sinikep saking wuntat  
asrane kalih karangkus  
sanginggil sikut kapekak.

24. Kang saking ngarsa ajurit  
sareng ambyuk tulung patya  
wus samya angrubut kabeh  
dilalah tan kenging obah  
kalangkung kawelakang  
wus kagodhi sang prabu  
nulya winot ing kareta.

25. Ratu sekawan ngapiti  
surak bala Jaminambar  
saundurira retane  
prapta narendra sekawan  
prabu ing Janjanwiyat  
Kabulmuluk Burulmuluk  
lan Prabu Sapingulkadam.

26. Lajeng rok tempuh ing jurit  
rame uleng pedhang gada  
deder dineder liru nggon  
pejah wau kang tetiga  
prajurit Jaminambar  
ginada mring Barulmuluk  
lan Prabu Sapingulkadam.

27. Sinikep marang apatih  
Burulmuluk wus kabanda  
Kabulmuluk wus katalen  
myang Raja Sapingulkadam  
tuwin Sri Janjanwiyat  
kabanda sakawan sampun  
sareng rep bubar kang aprang.

28. Wong Agung Surayengbumi  
kondure ngemu sungkawa  
tuwin para ratu kabeh  
samyang ngungun nandhang brangta  
ratu kekasih kena  
tur ipe mantep ingaku  
sudara prenah taruna.

### 30. PRABU TASANGSUL NGALAM DIPUN LUWARI

#### SINOM

1. Sadalu nyenyet kewala  
barise wong Puserbumi  
tan ana kolu anadhah  
nadyan pekathik serati  
tan ana kang cumuwit  
sadaya samya mangun kung  
Sri Sayid Ibnu Ngumar  
lan putra nateng Betarti  
pan peksamuk sang Prabu Aris Munandar.

2. Nedy a amuk nusul eyang  
prabu taruna Betarti  
lang kang rama Ibnu Ngumar  
narpati Kaos nagari  
prasamya denjagani  
dening ratu pinisepuh  
kang eyang rajeng Yunan  
sedalu amituturi  
anglelesu tyase Sayid Ibnu Ngumar.

3. Wong Agung Kamidil Ngalam  
Jeng Sultan Amir Mukminin  
angrembag sampun mupakat  
badhe ngantep ing ngajurit  
lan sagung para aji  
kalamun Prabu Tasangsul  
manggiha siya siya  
mangkana gantya winarni  
saundure Rekyana Patih Duljalal.

4. Lajeng mring langit kaping pat  
antuke bandan para ji  
maksih rineksa neng ngandhap  
Malaekat Kutubatin  
prapta lan kyana patih  
sampun katur suratipun  
ingkang kawon ing prang  
sekawan para narpati  
kalimane Brudangin ratu wisesa.

5. Mahaprabu Saesalam  
anggunngung marang ing patih  
ginanjar Patih Duljalal  
pinaringan widadari  
pepitu yeku putri  
pepundhutan ayu ayu  
saking ratu ngamanca  
kang kinarya widadari  
tuwin ingkang adi adi ing busana.

6. Angumpulken para nata  
malekat kang mukarabin  
tinantun ingkang prayoga  
mungguh tawan kang para ji  
siji kang dadi ati  
tur ratu ipe gegedhug  
prawira manraguna  
binesan kinadang yekti  
pantes paran pinaten lang inguripan.

7. U matur Patih Duljalal  
sumangga ingkang prayogi  
sumambung matur Baktiyar  
punika lamun suwasi  
inggi jinuwing juwing  
balungipun dengegepuk  
kulit daginge samya  
pinakakaken ing anjing  
ratu murka yen aprang ndadra daraka.

8. Yen aprang nora nganggo ngah  
tadhahe yen memateni  
tan kendel papat lelima  
seket sawidak para ji  
yeku ratu weweri  
anggun ngleburaken mungsuh  
sira Patih Sapardan  
ingkang minangka Israpil  
matur sujud mring gusti Sri Saesalam.

9. Punika atur kawula  
yen Narpati Barudangin  
tuwan karsakena pejah  
yekti boten kober canceling  
wong Ngarab nganteb jurit  
boten mawi siyang dalu  
pamuke para raja  
punika salah tan sipi  
aturipun anenggi Patih Baktiyar.

10. Jeng Tuwan kang linurugan  
sanes lawan kang nglurugi  
yen mungsuh sedya brubuh prang  
sayekti ambubrah bumi  
kang nemahi wong cilik  
wong Ngarab yen aprang ngamuk  
prajurit kang awendran  
anumpesi jalu estri  
nadyan rare pegunungan padesan.

11. Sipat katon tinumpesan  
pae inggi anglurugi  
kenging yen sakarsa karsa  
lamun nagri denlurugi  
saestu miling pikir  
kanthi rerepot pukulun  
paran ta angowela  
ing dasih isining bumi  
aming Tuwan kang rumeksa kang misisesa.

12. Punapa tuwan karsakna  
lebure isining bumi  
angguguk Sri Saesalam  
bener sira suntiteri  
yen ingsun amateni  
ratu ing sawiji iku  
kedhik asile uga  
akeh walese bilahi  
dadi ingsun kang anglebur titahingwang.

13. Ya bener sira Sapardan  
Patya Duljalal nambungi  
pukulun langkung prayoga  
pun Sapardan tur ing gusti  
alembut tur mantesi  
nggantheng kekencenganipun  
undhagi ing weweka  
boten kados wong Medayin  
yen amikir ngangge pikir paneluhan.

14. Ya wis nuli ulihena  
iku Ratu Burudangin  
kang papat bae kariya  
sigra kang mangka Jabrail  
Duljalal anuruni  
wus apanggih sang prabu Rum  
Raja Tasangsul Ngalam  
godhine wus denuculi  
dhinawuhan tuwan punika kondura.

15. Inggih dhateng pasanggrahan  
amung sekawan puniki  
kinsarsakaken kantuna  
dereng kantenan ing benjing  
turangga densaosi  
sigra sang Prabu Tasangsul  
sampun nitih turangga  
pan dalu dalu lumaris  
aneng marga kepethuk Dyan Tasikwaja.

16. Duk ing wanci tabuh tiga  
lan Apatih Abu Nadir  
wong kalih badhe andhustha  
tedhak nateng Burudangin  
Dipati Guritwesi  
marani sigra angrangkul  
dhuh yayi sokur bagya  
para arsa sunmalingi  
kadya paran yayi marga ulih para.

17. Nauri Tasangsul Ngalam  
si Saesalam tan apti  
anrapena marang ingwang  
dene gusti wus motangi  
ratu rolikur nguni  
linuwaraken sadaya wus  
becik si Saesalam  
saksana sami lumaris  
atetanya Marmaya samarga marga

18. Ing marga datan winarna  
ing pakuwon ageng prapti  
sang prabu Tasangsul Ngalam  
Marmaya lan Abu Nadir  
lajeng Wong Agung katri  
sumiweng pakuwon agung  
Sultan Kamidil Ngalam  
kang prih driya dereng guling  
lawan prabu Serandil Yunan Yujana.

19. Sedalu datan bojana  
kendel prasamya alinggih  
kasaru Marmaya prapta  
miwah nateng Burudangin  
lan Patih Abu Nadir  
kang badhe sami memandung  
kagyat sang Kakungingrat  
nungkemi pada kang prapti  
gya rinangkul sang Prabu Tasangsul Ngalam.



20. Dinangu sasolahira  
miwiti malah mekasi  
Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
suka denira miyarsa  
tuwin para narpati  
wus sirna sungkawanipun  
Sri Sayid Ibnu Ngumar  
lan putra nateng Beharti  
ingandikan praptane nir kang sungkawa.

21. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
angandika mring para ji  
aprang denpadha jatmika  
aja ngakuwa Hyang Widi  
si Saesalam becik  
alulur wewatekipun  
eman tan duwe iman  
ratu Jaminambar iki  
kudu ngaku Pangeran tan wruh duraka.

22. Tuhu adining prawira  
lakune prajurit luwih  
kautaman ora tinggal  
tawan ingapura sami  
mendeme iki saking  
agunge karatonipun  
ndadak asalin nama  
iya Robbussamawati  
para nata suka gumujeng sadaya.

23. Miwah denira miyarsa  
sang nateng Rum Burudangin  
kalane binakta minggah  
mring langit sepisan bali  
ginawan mudhun malih  
pangucape ingkang nuntun  
yen iki pinatenan  
bubrahing langit  
santanane Jeng Sultan Kamidil Ngalam

24. Ing dalu tan kawuwusa  
ya ta kang wasita enjing  
munya tengaraning yuda  
gumuruh kendhang gong beri  
umung gurnang thong thong grit  
wadya Rab mijil ambrubul  
saking kuwu met' papan  
kadya wutahing jaladri  
kang abaris reh mawredi banjir topan.

25. Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
miyos ginrebeg para ji  
prapta mungging panataran  
aglar kang para narpati  
ingkang saos ing jurit  
samy mungging palowanu  
prajurit Jaminambar  
wus aglar berise mijil  
para ratu gegedhug njenengi ing prang.

26. Jabrail Patih Duljalal  
miwah Sapardan Israpil  
wus aneng langit kaping pat  
Raja Robbussamawati  
aningali ing jurit  
wau kang arsa umagut  
lelurah tukang toya  
ingkang anama Israpil  
pun Sapardan ngreh malekat tukang toya.

27. Arsa umangsah ing yuda  
Patih Sapardan Israpil  
dedeg satus tigang dasa  
prakosa prawireng jurit  
anggluwihi pepatih  
Duljalal prawiranipun  
miwah suwarnanira  
sanadyan sami geng inggil  
pan sembada Sapardan dedeg parusa.

28. Sami sinungan wewenang  
iang sang Robbussamawati  
ngingerken wong Jaminambar  
separo sosoraneki  
sepuh Duljalal kedhik  
lungguhe pan undha usuk  
mangsah nitih turangga  
geng luhur weton Siwarjis  
apan sami kuda kerabat raseksa.

29. Kawot kapraboning aprang  
gada wrat rong ewu kati  
kari mas pinandhi ngarsa  
solahe ngebat ebati  
prapteng papan sesirig  
sesumbar anguwuh mungsuh  
heh payo para nata  
iki Sapardan metoni  
tandhingana wong Ngarab saparsa lena.

30. Gegedhuge Jaminambar  
ingsun kinarya Israpil  
malekat nurunken udan  
iku kang ingsun lurahi  
payo metuwa aglis  
aja ngedanaken ingsun  
wonten ratu taruna  
santana ing Kaelani  
amit mijil sira sang Raja Siwarna.

31. Ingiden sigra umangsah  
wus anitih kuda Persi  
kawot kapraboning aprang  
nander ing papan dang aji  
prapta sampun apanggih  
Raja Sapardan aru muwus  
ratu apa satriya  
nagaranira ing ngendi  
anauri ua ingsun Raja Siwarna.

32. Ing Bangsru pan kuthaningwang  
ratu karabat sun iki  
lan Sultan Kamidil Ngalam  
saking bangsa Kelan mami  
Patih Sapardan angling  
eman warnamu abagus  
angur sira mundura  
yen prang pasthi angemasi  
anadhahi saking boting gadaningwang.

33. Tanpa gawe tameng sira  
busananira narpati  
elinga amor bantala  
sang nateng Bangsru nahuri  
makuthanira mangkin  
yeku kang aneng endhasmu  
sumyur ing dadaningwang  
payo prang aja ceriwis  
ya ta Patih Sapardan gumuyu latah.

34. Lah iya deneling sira  
nora kena denwelasi  
aku mung abandabaya  
iya sun tibani bindi  
muter gada anggitik  
Raja Siwarna atanggul  
swara lir gelap ngampar  
tempuh parise metwagni  
pan gumuruh surake mungsuh lan rowang.

35. Kawratan Prabu Siwarna  
gumeter kudaniireki  
panase rapet ing sirah  
sigra kudane ginitik  
malumpat kang turanggi  
Siwarna sarwi amupuh  
kagyat Patih Sapardan  
Siwarna ratu prajurit  
solahira kebat cukat kadi kilat.

36. Yen mungguh wong Jaminambar  
durung pantes prang winasis  
sun puji prajurit Ngarab  
naracak ing prang winasis  
lah iya sun temeni  
deneling sang nateng Bangsru  
sigra angikal gada  
Sapardan amupuh malih  
turanggane pejah Sang Prabu Siwarna.

37. Lumumpat anarik pedhang  
Prabu Siwarna mrepeki  
medhang sukuning turangga  
kapat pisan tigas pacing  
Sapardan tibeng siti  
kalangkung bramantyanipun  
krodha ambuwang gada  
prang dharat angrok pangungkih  
aliru nggon tan kondur ider ideran.

### 31. PRABU ATASAJI PERANG LAN PATIH DULJALAL

#### D U R M A

1. Wus cinandhak Siwarna wangkinganira  
tanarik wus katarik  
ingikal ing tawang  
tinon kadya likasan  
tan adangu gya binanting  
Prabu Siwarna  
wus rempu angganeki.
2. Kadya guntur surake wong Jaminambar  
kadangira taruni  
sang Prabu Siwara  
Raja Sawarji nama  
anander kudane prapti  
Patih Sapardan  
riwut wuru ing jurit.
3. Wus ginada Siwarji lan kudanira  
pejah awor lan siti  
lan turangganira  
arine malih prapta  
Istibadan saturanggi  
lajeng ginada  
Istibadan ngemasi.
4. Pan kasaput ing dalu mundur kang aprang  
wadya Rab ngemu wingit  
wadya Jaminambar  
suka agiyak giyak  
Sapardan unggul ing jurit  
suka kalintang  
Sri Robbussamawati.

5. Wus ginanjar Rekyana Patih Sapardan  
pinaring widadari  
myang busana endah  
sadaya ngalembana  
Sapardan wira ing jurit  
tuhu digdaya  
sembada dhapurneki.

6. Abirawa balengah dedeg parusa  
agodheg athi athi  
simbar wulu jaja  
andeling Jaminambar  
sadalu ndrawina sami  
wuwusen enjang  
munya kendhang gong beri.

7. Tetegira kethen mungsuh lawan rowang  
baris sareng mijil  
tepung akalangan  
aglar nayakaning prang  
kalihe wus kadya wingi  
Jalal Sapardan nindhihi ing ngajurit.

8. Robbussamawati neng langit kaping pat  
anjangkung neningali  
munggwing amparan mas  
Sultan Kamidil Ngalam  
aglar kang para narpati  
ing kering kanan  
kang saos ing ngajurit.

9. Para putra wayah myang para sentana  
samekta munggwing ngarsi  
wong ing Jaminambar  
Patih Duljalal medal  
nitih kuda saking Jenggi  
pan sampun kawrat  
sakapraboning jurit.

10. Prapteng rananggana asru sumbar sumbar  
payo wong wetan aglis

metu mumpung enjing  
enak wong bandayuda  
karinget tan pati mijil  
ya ta miyarsa  
sang Prabu Atasaji.

11. Nuwun pamit ing eyang umagut ing prang  
ingadeg datan keni  
ingiden saksana  
mangsah mungging turangga  
aran Wajibandarjani  
weton Kunawar  
kawot kaprabon jurit.

12. Pancal panggung janjan biru angatepang  
prapteng fana wus panggih  
lan Patih Duljalal  
asru pamuwusira  
rare apa metu jurit  
pan durung mangsa  
nadhahi yuda mami.

13. Kafirare nistha yen sunladenana  
sapa namanireki  
dene liwat tega  
ingkang peputreng sira  
sugal denira nahuri  
yen tan wruh sira  
ya ingsun Atasaji.

14. Inkang wayah Jeng Sultan Kamidil Ngalam  
ingsun wus madeg aji  
iyengsun kinarya  
narpati binathara  
ngong putrane Rustamaji  
putrane eyang  
patut saking Medayin.

15. Raja Putri Marpinjun ibune rama  
Bathara Rustamaji  
pan wus tate ingwang  
ambanda kaya sira



mangsa ngimbuhana malih  
Patih Duljalal  
gemuyu beik belik

16. Adhuh babo dene ladak ing pangucap  
kambon trah ing Medayin  
adat nora daya  
dudu gawene aprang  
amung laku amrih drengki  
nak putu Ambyah  
kang liya trah Medayin.

17. Iya pantes dadya prajurit sadaya  
sugal Sri Atasaji  
lanat aram jadah  
payo nuli ayuda  
apa kang aneng sireki  
nuli tamakna  
den enggal suntadhahi.

18. Kulup aja mundura sira tan angga  
mapagna ing ngajurit  
liwat saking bocah  
nadyan wus madeg nata  
durung pantes temen jurit  
aja ambeka  
ingeman nora keni.

19. Ngangkat gada Jabrail Patih Duljalal  
sang nata pasang tangkis  
legawa ing ngasta  
maksih den agag agag  
dhuh kulup tan wurung mati  
angur mundura  
mbok rata lawan bumi.

20. Asru nabda sira sang narpati wayah  
Walidi Banu Hasim  
heh dudu prawira  
yen nora nibakena  
mangsa wediya ngemasi  
payo ta lanat  
angling Patih Jabrail.

21. Apa maning yen ora kena deneman  
wus pasthi awor siti  
balungira renyah  
sigra gada tumiba  
ingarfeb denira nggitik  
lir gelap sasra  
kuwat denira tangkis.

22. Mubal api gada tibeng tangkis waja  
katar katar ngaladi  
surak magenturan  
wadya ing Jaminambar  
wong iku wus awor siti  
mangsa uripa  
ujer si dudu tandhing.

23. Kang upama kidang amungsuh dipangga  
mesata maring langit  
mangsa ngudhilana  
mungsuh Patih Duljalal  
kukum wong kudwarsa mati  
punang dahana  
mesat katiyup ngangin.

24. Tibeng wana kobar sato kagegeran  
myang peksyakeh kang basmi  
mateng tibeng bala  
ingkang baris kalangan  
arahab amangan peksi  
wau kang aprang  
sasirmane kang agni.

25. Katingalan sigra angetab turangga  
Walidi Banu Hasim  
surak bala Ngarab  
de gustinya wentala  
sultan wayah Atasaji  
ngatepang medhar  
kuda ngiter apatih.

26. Lenggak lenggak Duljalal sru pamuwusnya  
tuhu trahing linuwih

wentala katiban  
ing genging gadaningwang  
payo malesa dengipih  
iya denyitna  
apatih masang tangkis.

27. Tinutupken mungging sirahing turangga  
Sang Prabu Atasaji  
ngadeg neng kekapa  
ngranggeh panggadanira  
lir kidang amungsuh kesthi  
agung tumenga  
sigra denira mbindi.

28. Saking sanget panggadane nateng wayah  
Walidi Banu Hasim  
parise Duljalal  
rempu katiban gada  
pecah pathaking turanggi  
rebah wus pejah  
Jalal tiba kabanting.

29. Tangi narik pedhang Apatya Duljalal  
turanggane Tasaji  
sukune pinedhang  
rampung sekawan pisan  
Atasaji tibeng siti  
tangi saksana  
tempuh dharat kang jurit.

30. Rame pedhang pinedhang dangu ing prang  
pedhang tan migunani  
duduk prang serampang  
ramya cacah cinacah  
calimprit tan migunani  
sendhal sinendhal  
dangu tarik tinarik.

31. Kadya guntur surake mungsuh lan rowang  
kang aprang antuk sisih  
wadya Jaminambar  
kebat prange wong Ngarab  
maksih rare andhap alit

mungsuh wong tuwa  
Duljalal ageng inggil.

32. Yen dinugang Duljalal tibane kontal  
sang Prabu Atasaji  
apan kajungkelang  
rame angkat ingangkat  
angantepi kuwat sami  
tan ana obah  
padha tumanceb siti.

33. Waket dengkung kalih sami padanira  
sareng malumpat kalih  
gapyuk sareng tendhang  
angrok popor puteran  
Duljalal kaku kang galih  
lamun anyendhal  
denanteb dentemeni.

34. Prakenengan malah tumetes kang erah  
saking pucuk dariji  
datan nedya kangkat  
miwah Patih Duljalal  
yen tinarik nora keni  
sadina aprang  
sayah kang anyuraki.

35. Asru mojar Jabrail Patih Duljalal  
Walidi Banu Hasim  
iki padha sayah  
meh surup kang baskara  
sesuk tinutugna maning  
sang narpa wayah  
nabda heh sakarseki.

36. Lah ta payo tinutugken benjang enjang  
sareng undure kelih  
lampahing narendra  
lajeng marek ing eyang  
penethuk kinempit kempit  
dhuh wayahingwang  
prawira ing ngajurit.

37. Tiru pamanane si Jaswadi putra  
si Iman Karnaeni  
si Ismayatmaja  
sumedhot karasengtyas  
oneng ing putra tan sipi  
wus tinetegan  
mundur kalih kang jurit.

38. Dalu samya bojana kang para nata  
satriya pra dipati  
glar mungguh ing ngarsa  
Sultan Kamidil Ngalam  
kasukan sukan sawengi  
enjing tengara  
munya kendhang gong beri.

39. Asahuran mungsuh rowang samya medal  
sampun tepung kang baris  
aneng papan saban  
Sultan Kamidil Ngalam  
tuwin Robbussamawati  
wus samya prapta  
neng nggyane wingi wingi.

40. Kyana Patih Duljalal mijil ranangga  
sampun mungging turanggi  
Janggi wer kinebat  
njojrog prapteng payudan  
sesumbar anguwuh tandhing  
heh durung prapta  
Walidi Banu Hasim.

41. Eman lamun prang wingi tan tinutugna  
liya ingkang metoni  
sasat kaobongan  
layan tan ana nangga  
ing prang anadhahi kami  
lagya mung sira  
kang wus gambuh ing jurit.

## 32. AMIR ANJILIN KAPUPUH ING PRANG

### GAMBUH

1. Pan wonten kadangipun  
lawan Wong Agung tunggal saibu  
ingkang rayi Wong Agung Surayengbumi  
nanging rebutan puniku  
Musane atilar kaol.

2. Wonten kitab kang muwus  
Rolatul Abab ingkang amuwus  
kadangipun Ngabdullah Umi Wakidin  
tegese tunggal saibu  
sanga papat ingkang wadon.

3. Lelima ingkang kakung  
Raden Ngabdullah Amir Anjilin  
Ngabdul Kakbah Jubeh lawan Abutalib  
Walar ingkang limanipun  
dene kadangira wadon.

4. Dewi Bawela iku  
lan Dewi Arpah katiganipun  
nenggih Dewi Imamah sakawaneki  
Dewi Ngatikah puniku  
ibu Fatimah ing kaol.

5. Wong Agung Jayengpupuh  
lima ingkang atunggil saibu  
kang asepuh Wong Agung Surayengbumi  
saking lelima puniku  
arine Jayengpalugon.

6. Sayid Adak puniku  
kang rayi ran Sayidina Mukub  
sekawane Sayidina Nurutamsi  
pawestri kalimanipun  
Dewi Supiyah kinaot.
7. Dene ta ibunipun  
ran Dyah Alimah nak sanakipun  
kang sesunu kadange Bagendha Hasim  
Menak Abas mung tetelu  
kang tunggil ibune kono.
8. Dewi Rulbullah iku  
arine Abas Sayidi Mansur  
lan Sayidi Ngubedah katiganeki  
kang siji tanpa sedulur  
putrane kang kakung roro.
9. Sidik Karisman iku  
lan ari Bulahab tanpa dulur  
sami ijen puniku putra kekalih  
kalih welas kadang kakung  
nenemkedange kang wadon.
10. Kadi Umarmayeku  
satengah kaol misananipun  
kang wus kaprah nak sanak wayahe sami  
Bagendha Asim puniku  
prandene satengah kaol.
11. Bani Umya puniku  
kadang Bagendha Asim kang sepuh  
putrane Seh Ngabdulmanap sepuh estri  
Bani Umiya puniku  
kang peputra Marmayeko.
12. Wau ingkang winuwus  
ing Kitab Rullah Amir Injalun  
kang basah Rab basa Jawi Mir Anjilin  
kang amit arsa umagut  
mring raka Jayengpalugon.

13. Ingadeg kedah magut  
heh ta yayi aja prang lan iku  
Kyana Patih Duljalal prajurit luwih  
lawan ageng tur aluhur  
pan sira lit sarta anom.

14. Yeku arsa sun adu  
lawan yayi Gulangge apatut  
padha genge miwah ta luhure sami  
wingi yudane putumu  
pantes rinowang geguyon.

15. Welase maksih timur  
den temenana sayekti ajur  
putunira si Atasaji wus mati  
kang rayi meksa anuwun  
kedah nanggulang palugon.

16. Dadya linilan magut  
Sultan Kamidil Ngalam tyasipun  
melang melang mangkel pangandikaneki  
iya sunsrahken Hyang Agung  
yayi den prayitneng kewoh.

17. Dyan Mir Anjilin sampun  
nembah ing raka lajeng umagut  
munggeng kuda kawot saprabon jurit  
aneng payudan wus pangguh  
Patih Duljalal tetakon.

18. Prajurit sapa ranmu  
apa satriya tanapi ratu  
bagus sira myang cahya norken sitengsi  
ratu ing ngendi prajamu  
tur abagus maksih anom.

19. Yengsun Amir Anjalun  
arine sang Surayengapupuh  
iya ingkang kinayah Amir Anjilin  
sunsedya mapag sireku  
destun angrok aprang popor.



20. Apa ta neng sireku  
payo lanat heh lekasna mringsun  
Kyana Patih Duljalal asru denya ngling  
heh Mir Anjilin kadangmu  
lami prang tan ana miyos.

21. Apa ajrih maringsun  
ndadak putune kinen umagut  
asru mojar Sayidin Amir Anjilin  
ratumu dene tan metu  
yeku tandhinge palugon.

22. Yen sira bae metu  
sedheng lan ingsun sagendhingmu  
arsa magut ingsun ingkang angalangi  
yen dudu ratunireku  
misih akeh para katong.

23. Tur ratu agung agung  
kang mungging soring ngamparanipun  
para ratu gegalan prawira luwih  
ing prang pareng remak rempu  
Duljalal angucap sengol.

24. Yen lumaku sireku  
sundhingini kudhunga parismu  
bandabaya tadhahana gada mami  
Raden Mir Anjilin kudhung  
ing paris atadhah tanggon.

25. Duljalal nggada sampun  
gadanira wawrat kalih ewu  
kadya gelap gada tiba ing tetangkis  
waja pawaka umurub  
kang bumi kadya mendhelong.

26. Turangganira lampus  
Dyan Mir Anjilin tibane lungguh  
sigra ngadeg sarwi pedhange tinarik  
Duljalal turangganipun  
sukune pinedhang pedhot.

27. Sekawan pisan rampung  
Patih Duljalal tiba gumabrug  
tangi lajeng anyikep Amir Anjilin  
krodane mampeng amumpung  
kadya wewah geng pitung wong.

28. Raden sampun kajunjung  
sigra tininggil dhateng ing luhur  
gya binanting Raden Injalun ngemasi  
wong Jaminambar gumuruh  
wong Ngarab angungun tumon.

29. Wong Agung duk andulu  
yen kang rayi Mir Anjilin lampus  
sigra nitih turangga nander wus prapti  
ing paprangan kagyat ndulu  
Duljalal sira tetakon.

30. Sapa ranmu umagut  
dene pideksa datan gung luhur  
apa sira tan mulat iki kang mati  
kang sun banting remak rempu  
pan iki kadange anom.

31. Amir Anjilin lampus  
Sultan Kamidil Ngalam kang sepuh  
ndadak wong kang kaya sira metu jurit  
angur nungkula maringsun  
sun turaken gustiningong.

32. Sira kinarya tunggu  
marang kagungane swarga agung  
dene ruruh semune selamat budi  
myang cahyanira sumunu  
yayah sangka umiyos.

33. Lan wus satengah tuwuh  
pan ora pantes aneng donyeku  
wingitira wenese ngebeki bumi  
Wong Agung nahuri wuwus  
heh Duljalal aja tamboh.

34. Iyeku wruhanamu  
Sultan Kamidil Ngalam ya ingsun  
kang ngedhaton iya ing Kuparman nagri  
wadyagung ingkang anebut  
ginusti ing para katong.
35. Kagyat Duljalal ngrungu  
lajeng makanjar sarya sru muwus  
dhuh prasasat lalab lalabanireki  
tan kawerneng baemingsun  
ko sunmamah enyah enyoh.
36. Iya sajeng lelawuh  
Sultan Kamidil Ngalam padhamu  
jenewer mas kang mungging gelas rinukmi  
pinatik sesotya mancur  
iku rasane tyasingong.
37. Wong Agung lingira rum  
lah iya luwih luwih karepmu  
nanging kene lah payo nuli ajurit  
apa kang aneng sireku  
nuli tamakna maringong.
38. Lawan ngambila iku  
turangga malih payo dengupuh  
aja ndharat ingsun iki neng turanggi  
Patih Duljalal angguguk  
ngawe bala ngidung sinom.

”Lajeng nyandhak jilid : 3”



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan  
Jenderal

899  
Y